


MIBVUNZO NEMHINDURO

PAMUSORO PEMWEYA MUTSVENE

 Zvino mushure mehusiku hwapfuura tose takangozara. Ndanzwa zvapupu zvakanaka nhasi zvevazhinji vakagamuchira Mweya Mutsvene. Uye tiri kufara nazvo.

² Tinofara kuva naHama Graham nesu husiku huno, mumwe wevatinobatirana pamwe pano vanobva patabhanakeri, mufudzi wechechi yehutsvene kumusoro kuUtica. NeHama Jackson, vakange vari pano, husiku hwapfuura, ndinotenda kuti hwaiva, kana kuti vari kumashure uku muungano pane imwe nzvimbo zvino, mumwe munhu ati, mune... Hongu, ndinoona Hama Jackson kumashure muungano zvino. Uye—uye Hama Ruddell, vari pano husiku huno here? Ndemumwe wevatinonobatirana pamwe navo wedu kunze kuno pa “62.” Tinofara kuva navo muno. Uye pamwe nevedu... Oo, Hama Pat, nedzimwe hama dzose idzi, tiri—neumo muungano. Tinofara kuva nemi mose pano husiku huno.

³ Zvino, dai ndaida kururamisa nyaya yacho, ndaiunza vamwe avo vaparidzi vakanaka kumusoro kuno kuti vataure nemi, nekuti ndashoshoma nekungova nenguva yakakura yakadaro husiku hwakapfuura.

⁴ Zvino, mudzimai wangu, ndiye mugadzirisi wangu; munoziva, hama, zvandiri kutaura pamusoro pazvo. Akati vanhu kumashure husiku hwapfuura vaisakwanisa kundinzwa, nekuti ndaitaura mune chinhu ichi. Uye zvino, ndisati ndatanga, ndichaedza chimwe chinhu. Zvino, handizivi kana zviri nani. Zviri nani here kumashure-shure uko? Kana kuti izvi zviri nani here? Izvi zviri nani here? Zvino, Mudiwa, ndiyo nguva imwe chete yandine chinhu ndichipesana newe. Zvino, vanoti zvava nani. Zvakanaka. Oo, ini zvangu! Uyo mudzimai. Ichocho chakanaka, nekuti yange yava nguva refu ndisati ndambowana chimwe. Kazhinji ndiye anogara achireva zvinenge zviri izvo.

⁵ Saka, zvirokwazvo tanga tiri kuva nenguva yakanaka kwazvo pashumiro idzodzo dzehusiku hutatu; ini ndakadaro. Uye zvino, matepi, ose kunze kwehusiku hwapfuura... Ndakafonera Hama Goad ndikavaudza kuti vauye kuzatora tepi yepatabhanakeri. Asi zvakaitika kuti ndakanzwisisa kuti Billy Paul akatora motokari yavo uye aive aenda, saka tepi haina kutorwa semazivire angu. Saka takaipotsa. Ndaida kuichengeta muchechi kuitira chechi kuitira—mumwe munhu anotaura—zvatinotenda.

⁶ Zvino, husiku huno ndichataura pamusoro pe*Musangano Mukuru*, kana ndikakwanisa kupedza mibvunzo nenguva. Uye zvadaro, mangwana mangwanani ishumiro yekupodzwa. Zvino tichanamatira vanorwara. Nokudaro, hatigoni kupa—kana kungoenda tichiti, “Zvino, ndichakutorai imi, nemi, nemi.” Izvozvo zvinenge zvisina zvakana. Asi tinopa chitsama chemakadhi, uye pane imwe nzvimbo pane makadhi iwayo, ndinodana mashoma kupuratifomu. Uyezve, kana Mweya Mutsvene watanga kuzarura, zvino Unobva waenda nemuungano kunotora vanhu vari muungano kuitira shumiro yekupodzwa. Uye zvakare, mangwana mangwanani, ndichange ndichitaura, Ishe vachitendera, shumiro yekupodzwa isati yaitwa.

⁷ Ndinoona mudzimai wangu achiseka. Mudiwa, hausi kundinzwa zvachose here? Oo, uri kundinzwa. Saka, zvakana. Agara kumashure-shure chaiko zvino kana zviriri—asingandinzwe, anozunguza musoro wake, “Iwe...Handisi kukunzwa, handisi kukunzwa.”

⁸ Saka zvino mangwana—mangwana husiku ishumiro yekuvhanga pamwe neshumiro yerubhabhatidzo rwemumvura. Uye ipapo, ndichingopedza kuparidza mangwana manheru, tichazarura maketeni tigova nerubhabhatidzo rwemumvura pano mangwana manheru. Kana Ishe vachitendera, kana Ishe vachitendera, mangwanani ndinoda—kana kuti mangwana manheru ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo: *Chi—Chiratidzo Chakapihwa*. Uye zvakare, kana tiri pano husiku hweChitatu, kana Ishe vakanditendera kuva pano Chitatu manheru, ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo chekuti: *Takaona Nyeredzi yaKe kuMabvazuva uye Tauya kuzoMunamata*. Zvino, ndepaya tave kuda kusvika pahusiku hunoteverwa nezvira reKisimusi.

⁹ Uye zvadaro, pakarepo mushure meKisimusi ivhiki rezororo reKisimusi. Ndipo patinotora tsamba dzose...Hama Mercier nevamwe kazhinji vanodziburitsa dzose. Uye tinodziwaridza dzose pachena, zvino tonamatira tsamba idzodzozo uye tokumbira Ishe kuti vatitungamirire kwese kwacho pasi rose kwatichange tichienda.

¹⁰ Zvino, vari, veChristian Business Men, vane kwakawanda kwazvo, kuchange kuri kuFlorida izvozvi kumusangano wavo. Ndichabva ikoko ndoenda kuKingston, zvino nekuHaiti, uye ndodzika zasi kuPuerto Rico, muSouth America, ndodzoka nekumusoro ndichipfuura nemuMexico.

¹¹ Asi Ishe vanoita seviri kunditungamirira kuNorway. Handizivi kuti sei. Munoziva bhuku diki rinonzi *Murume Akatumwa Kubva Kuna Mwari?* Ndiro rine mabhuku akawandisa echinamato rakaburitswa kuNorway. Zvifungei, zvakaitwa naShe ikoko. Zvino pandaiva ikoko, Havana

kundibvumidza kuti nditurike maoko pamusoro pevanorwara. Ndaivako kwehusiku hutatu. Zvino havana kundibvumidza kuti nditurike maoko pamusoro pevanorwara. Saka munoona zvinogona kuitwa naMwari. Mhomho yevanhu yakange vakakurisa zvekuti vakatora mapurisa aive akatasva mabhiza, mabhiza, votasva vachibvisa vanhu kubva mumigwagwa kuitira kuti ndigone kusvika kunzvimbo kwacho. Zvino handina kuturika maoko pane vanorwara. Ndakavanamatira zvakadaro; ndikavaita kuti vaturike maoko avo mumwe pamusoro pemumwe.

¹² Saka...[Mumwe munhu anotaura naHama Branham—Mupepeti] Hongu, chokwadi ndichadaro, ipapo. Zvino, mangwana mangwanani...Zvino, husiku huno, pamwe tichangopinda mumibvunzo iyi, nekuti tine imwe yakanaka chaizvo. Uye handizivi kuti Ishe vachatichengeta zvakareba sei tiri pairi. Uyewo, mangwana mangwanani kuda Billy Paul, Gene, kana Leo, mumwe, achange ari pano kupa makadhi ekunamatirwa naeight kusvika eight-thirty. Zvino, vanhu vanogara kunze kweguta, regai ndizvitaure zvakare kuitira kuti musakanganwe. Kana muchida kuuya mumutsara, tingada kuti tiwane vanhu vanogara kunze kweguta kana zvichigoneka.

¹³ Zvino, dzimwe nguva muno muchechi tinosvika panguva yavanoti, “Saka...” Tinotora vanhu vanogara kunze kweguta, tovaunza...Mumwe munhu anoti, “Saka, ndanga ndisingazive zvanga zvisina kumira zvakanaka pavari. Vangangova vari kutaura chimwe chinhu chisicho.” Zvino wotora vanhu vemuguta; voti, “Oo, mungangodaro maivaziva.” Saka... Vanobva vati—zvakataurwa kuti, “Saka, ndinokuudzai, makadhi ekunamatirwa.” Zvino, ko avo vasina makadhi ekunamatirwa. Uye kwaiva zuva nezuva apo. . .

Matii? [Hama Branham vanokumbirwa kuti vamire kure zvishoma nemaikirofonu—Mupepeti] Ndimire kure zvishoma nemaiki here? Saka, munoziva, ndinowanzoparidza ndiri pakati penzira. Saka pamwe ndichangozvitora zvakaita sekudaro. Zvava nani here? Zvava nani. Zvakanaka. Ndinokuudzai zvazviri. Muchina wedu—wedu wekukudza inzwi haunyatsoshandi zvakanaka pano, haunyatsoshandi zvakanaka. Uye hatisi kuedza kuva zviri nani zvino, nekuti tinoda kuti tabhanakeri itsva itovakwe izvozvi. Uye ipapo ndipo patinenge tava nenzvimbo yakawanda (maona?), kana tikagona kuuya pano uye totambanudza nzvimbo ino kuti ikure zvishoma, toisa dzimwe nzvimbo, uye togadzirira misangano patinoita pano.

¹⁴ Uye zvino, rangarirai, mangwanani vakomana, mumwe kana vatatu vavo achange achipa makadhi pakati paeight-thirty, kana kuti, eight naeight-thirty. Zvinopa mukana wekuti munhu wese agare pasi. Uye ndaitaura pamusoro pekuti vanopa makadhi sei, sei tichizviita. Ndezvekuchengetedza hurongwa. Maona? Zvino, ko kana ndikauya muno, seizvozvi zvino ndoti, “Itai

kuti mudzimai *uyu*, mudzimai *uyu*, nemurume *uyo*, nemudzimai *uyu*. . .?” Maona, izvozvo zvinobva zvaita sekunge—izvozvo zvinobva zvaita sekuoma. Maona? Uye zvakare, kana uka. . . Nguva zhinji ndakaita izvi. Zvino kana vasina kuwandisa mangwanani, ndingangoite zvimwe chetezvo. Ndinoti, “Vanhu vangani pano vanobva kunze kweguta vane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka nemi, simukai.”

¹⁵ Hama Mercier, muri kuuya kuzondinunura. Muchandibatsira here? [Hama Mercier vanopindura—Mupepeti] Oo, muri kuuya. . . Vari kuuya kuzozvinunura. Ndataura nemusikana wenyu nhasi. Zvino, motofanira kuva makanaka kwazvo kwandiri. Maona? Zvakanaka. Zvakanaka izvi. Ndi—ndinoyemura hushingi ihwohwo Hama Leo. Kana zvisina kunaka, ngati—ngatizviitei zvimire zvakanaka semazivire atinoita kuti zviite, zvakanakisisa sezvatingagona.

¹⁶ Saka zvino, chingobvunzai vanhu vanogara kunze kweguta kuti vasimudze maoko avo vane chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka navo. Uye ndomira ipapo, ndochishanda nemunhu mumwe chete kusvikira Mweya Mutsvene watanga, zvino wotora ungoro yose. Vangani vakanga vari pano pavakaona zvichiitwa muno? Chokwadi! Maona, maona? Saka hazvina basa kuti inzira ipi. Zvinongori. . .

¹⁷ Ndinoda kuti murangarire izvi, uye ndichaedza kupinda mazviri mangwanani zvakare. Vemarudzi, Vhangeri rakapihwa kwavari iVhangeri rekutenda, kwete remabasa zvachose. Maona? Uye sezvandakataura husiku hwapfuura. Mweya Mutsvene pawakadonha paPentekosti, pavakaenda zasi kumaJudha (Mabasa 19:5), vakatoturika maoko pamusoro pavo kuti vaUgamuchire. Zvino pavakaenda zasi kuvaSamaria, vakatoturika maoko avo pamusoro pavo. Asi pavakauya kune veMarudzi kumba kwaKornerio, “Petro achiri kutaura mashoko aya. . .” Hapana kuturikwa maoko.

¹⁸ Musikana mudiki paakafa, mwanasikana waJairosi, muprisita, akati, “Huyai muturike maoko pamusoro pake, zvino achararama.” Asi mukuru wezana muRoma, Murudzi, akati, “Handina kukodzera kuti Muuye mumba mangu, taurai shoko.” Ndizvozvo. Maona?

¹⁹ Mudzimai muSirofenike, muGiriki chaizvo—chaizvo ndizvo zvaiva, apo iye—apo Jesu akati kwaari, akati, “Hazvina kufanira kuti Ini nditore chingwa chevana ndigochipa kuimbwa.”

Akati, “Ichokwadi, Ishe; asi imbwa dziri pasi petafura dzinodya mafufu evana.”

Akati, “Nekuda kwekutura uku, dhiyabhore asiya mwanasikana wenyu.” Taura zvinhu zvakanaka zvino. Taura chimwe chinhu chakanaka pamusoro pemumwe munhu. Taura pamusoro paJesu. Taura chimwe chinhu chakavimbika, chimwe chinhu chemazvirokwazvo. Ndiyo nzira yekudzanga madhimoni.

akapfuura—chechi (ndiri kutaura kutabhanakeri)—makore akapfuura, makore matatu kana mana akapfuura, chimwe chinhu chaigadzirira kuonekwa; chiri kugadzirira kuitika. Zvino hechinoi chiri pano zvino chichioneka kuve... Chiri kuzvumba pachezvacho. Zvino, tinotenda nekuda kwaizvozvo. Oo, tinotenda sei. Tiri kungofara.

²⁴ Zvino, tine mimwe mibvunzo yakanyanya kuoma kwazvo pano, uye tinoda kubva tapinda mairi. Mumwe munhu atarisa mabhuku ose aya andange ndinawo. Ndikati, “Saka, munhu akangwara anongoda rimwe.” Asi handisi munhu akangwara. Ndinotofanira kuva nemazhinji awo ekutarisa maari. Saka, rino ndiro Diaglott, uye iri iBhaibheri, uye iri ndiro konikodhenzi. Saka iri... Tichangokumbira Ishe kuti vatibatsire nekutitungamira kupindura mibvunzo iyi maererano chaizvo nekuda kwaVo kwaMwari pamwe neShoko raVo.

²⁵ Saka zvino, ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana kuitira munamato. Ishe, tinoKutendai zvichibva pakadzika chaipo pemoyo wedu nezvaMakatiitira mune uhwu husiku hutatu hwekupedzisira. Oo, nekuona vashumiri vachisangana kumashure uko mukamuri uye vachikwazisana maoko, nekutenda kwakavandudzwa, ne—nenhanho itsva yekutora. Vachiridza runhare... Uye moyo yedu ichifara, nevanhu vachigamuchira Mweya Mutsvene mushure mekunge vange—vaona Shoko reNyu, kuti Rinotaura sei nhanho kuti unogamuchira sei Mweya Mutsvene weNyu. Tinotenda zvakananyanya nokuda kwaizvozvo, Ishe.

²⁶ Munoita kuti zvinhu zvive nyore kwazvo kwatiri, nekuti tiri vanhu vari nyore. Uye tinonamata, Mwari, kuti—kuti Muchatiita zvachose kuti tigare tichizviita vanhu vari nyore. Nekuti zviri... Ndiyo mhando inozvininipisa ichasimudzirwa. Uye huchenjeri hwenyika hupenzi kuna Mwari; zvakafadza Mwari kuburikidza nehupenzi hwekuparidza kuponesa avo vakarasika.

²⁷ Uye zvino, Baba, pane pano yandiinayo mibvunzo yakawanda yakabvunzwa kubva mumoyo inoda kuziva. Zvino mumwe wayo ukapindurwa zvisizvo onogona kukandira munhu wacho munzira isiriyo, kuisa chiedza chisicho pamubvunzo wavo uri kuvanetsa. Saka Ishe Mwari, ndinonamata kuti Mweya weNyu Mutsvene uchafamba napamusoro pedu uye uchazarura zvinhu izvi, nekuti zvakanyorwa muMagwaro, “Kumbira uchagamuchira; uye tsvaga uchawana; gogodza uye richazarurwa kwauri.” Zvino ndizvo zvatiri kuita zvino, Ishe, kugogodza pasuwo reNyu retsitsi. Takamira mumumvuri wekutonga kweNyu kwaMwari, tinokumbirira Ropa raKristu waMwari pamwe neMweya Mutsvene.

²⁸ Uye hatiuyi husiku huno nekuda kwekungoti tambomira kubva pahusiku hutatu hwekuparidza pamusoro peMweya Mutsvene, tinouya nekuremekedza kwakananyanya kudzama

nekurevesa. Tinouya sekunge uno ndihwo husiku hwekupedzisira hwatingambova panyika. Tinouya tichitenda kuti Muchapindura minamoto yedu. Uye Ishe, tinoKukumbirai zvino kuti mutigutse neHupenyu hweNyu Husingaperi. Zvino mukupindura Shoko reNyu, dai Mweya Mutsvene... Oo Mwari, sekuona kwatakaita kuti ndimi pacheNyu muri pakati pedu, tinonamata kuti Vachatizarurira husiku huno zvinhu zvatinoshuvira. Uye takashuvira chete kuti mweya yedu izorore, uye pfungwa dzedu dzive nerugare, uye nekuva nekutenda muna Mwari nekufambira mberi kunотора maropafadzo ayo aVakavimbisa. Tinozvikumbara izvi muZita raJesu. Amenii.

²⁹ Zvino, ndine mibvunzo yose yandakapihwa, kunze kwemumwe chete. Zvino ndakapindura Hama Martin vadiki vakandibvunza mubvunzo husiku hwemarimwezuro, ungori mumwe chete. Pakange paine yakawanda husiku hwapfuura, asi yaiva zvikumbiro zvemunamoto. Zvino Hama Martin vakandibvunza mubvunzo pamusoro paJohani 3:16—kana Johani 3, ndinotenda, pamusoro pekuti, “Kunze kwekunge munhu abekerekwa nemvura neMweya, haagoni kuona Humambo,” zvino ndakazvienzanisa netepi yandakatumira pamusoro peVaHebheru. Zvino ndakasangana navo mukamuri yekumashure manheru apfuura, uye—ndisati ndawana mukana wekuvapindura, ndokubva ndakazviita ipapo, pachidzidzo chacho.

³⁰ Zvino, pane here vari pano avo vakange vasipo husiku hwapfuura? Ngationei maoko enyu, avo vakange vasipo pano husiku hwapfuura. Oo, isu, takashuvira chaizvo kuti dai makava nesu. Takava nenguva yakabwinyiswa kwazvo. Mweya Mutsvene...

³¹ Ndinogona, kweminiti chete... Hazvimborwadzi. Izvi zviri kuiswa patepi. Zvino kana chero mushumiri akaita sekuti—kana munhu anopesana nezvandava kuda kutaura zvino, kunyangwe kana mumibvunzo, ndinokumbira, hama, kuti musazvifunga sezvisinganzwisike, asi kuti—rangarirai kuti tepi ino iri kugadzirwa mutabhanakeri yedu pano. Tiri kudzidzisa kuvanhu vedu. Vashumiri vakawanda vekutenda kwakasiyana-siyana vakagara muno. Zvino ndinoda kupinda muchidzidzo zvakare, nekuti kune vamwe vevanhu vedu vasina kukwanisa kuuya husiku hwapfuura vandiri kuona kuti vari muno husiku huno. Uye ndinoda kupinda kwekanguva, kana mukazvitendera, pamusoro pezvandakataura husiku hwapfuura; uye zvakanga zviri pamusoro pePentekosti, pamusoro pekugamuchira Mweya Mutsvene.

Zvino, ndichiverenga kubva mu*Emphatic Diaglott* yakaturikirwa kubva muchiGiriki, pandaiva ndiri manheru apfuura, yakavhurika pamberi pangu iko zvino. Ndiro dudziro yepakutanga kubva muchiGiriki kuenda muChirungu. Haripfuuri nemune vamwe vatirikiri, riri—nedzimwe mhando,

rinonyatsobva chaimo muchiGiriki richiiswa muChirungu. Zvino, mashoko eChirungu, kazhinji ane zvimwe zvaanoreva kwaari, sekuti ndikataura zvino, *bhodhi*. Tora shoko iroro *bhodhi*. Unoti, “Saka, akareva kuti isu taimubhowa.” Kwete! “Oo, a—akabhadharira *hubhodha* hwake.” Kwete! Saka, iye... “*Ibhodhi* riri parutivi rwemba.” Saka, maona? Kana chero mamwe eaya... Pane mashoko mana kana mashanu akasiyana anogona kushandiswa; unotofanira kubata zviri mutsara wacho. Shoko rekuti *kuona*. *Kuona* zvinoreva “kunzwisisa,” muChirungu. *Gungwa* rinoreva kuti “dziva guru remvura.” *Kuona* kunoreva kuti “kutarisa pane.” Maona? Asi pakuturikirwa uku, izwi riri pano rakashandiswa, randakataura nezvaro husiku hwapfuura muna Mabasa chitsauko 2, parinoti, “Ndimi dzemoto dzakagara pamusoro pavo...” Zvino, ndiri kuda kungodzokera kumashure kwechinguvana. Mungada here, kwechinguvana chete, ndoita sekuzviongorora zvakare kwechingvana tisati taenderera mberi?

³² Zvino, vhurai, imi muKing James renyu kana chero dzimwe dudziro dzamuri kuverenga... Zvino ndinoda kuriverenga. Uye teereresai chaizvo zvino. Musatadze kunzwisisa. Vazhinji nhasi, kunyangwe hanzvadzi yangu, vazhinji vavo vafona, vakati... Amai Morgan... Vazhinji avo vakange vari muno manheru apfuura. Amai Morgan ndevamwe vehanzvadzi dzedu vakange vatadzirirwa vasisarapike; uye vaiva parunyoro rwevaiva mumutsara wevakafa muLouisville kwemakore gumi namatanhatu, gumi nemanomwe apfuura nekenza. Ndinofunga kuti vakagara kumashure uku zvakare husiku huno. Vaisagona kunzwa, vakati, nekuti ndaitaurira mumaikirofoni chaimo. Uye nekuda kwavo ndinoda kupinda mune izvi kwechinguva.

³³ Zvino, ndiri kuverenga kubva muRugwaro urwu rwaMabasa 2:

...zuva rePentekosti rakati rasvika zvizere, vakanga vakaungana vose vari mumufungo mumwe chete... (Zvino, ndinozvida zviri nani kupfuura kuti muhumwe: nekuti munogona kuva muhumwe pamusoro pechero chidzidzo chipi hacho, asi pano mifungo yavo yaiva yakafanana)... mumufungo *mumwe* uye munzvimbo *imwe* chete.

Pakarepo pakaita ruzha rwakabva kudenga semhepo inovhuvhuta zvine simba ichipinda, ruukazadza... imba yose mavakange vagere. (Kwete kupfugama, kwete kunamata, asi vakagara)... .

...Ndimi dzakaparadzana... (N-d-i-m-i—ndimi. “Dzakaparadzana” zvinoreva, “kupatsanurana.”)... Ndimi... dzakauya kwavari... dzinenge... moto, uye mumwe... (“Mumwe,” woga)... ndokuzorora pamusoro wemumwe nemumwe wavo.

Zvino vose vakazadzwa... (“Zvino,” chibatanidzo.) ...vose vakazadzwa noMweya Mutsvene, uye vakatanga kutaura nedzimwe ndimi, pavakapihwa napo neMweya kureva.

Zvino paJerusarema pakanga pagere vaJudha, varume vakarurama, vaibva kumarudzi ose pasi pedenga.

...zvino izvi pazvaka...uye chapupu ichi chafambiswa, vanhu vazhinji vakaungana, uye vakakatyamadzwa, nekuti...munhu wose akanzwa... iye achitaura nerurimi rwake.

³⁴ Zvino cherechedzai! Moto pawakauya, waive ndimi; pavakange vachitaura, wakange uri mutauro. Zvino, pane mutsauko wakakura pakati pendimi nemitauro. Kwatiri zvakangofanana. Asi, muchiGiriki, “ndimi” dzinoreva izvi. [Hama Branham vanoratidza—Mupepeti] Nzeve ndiyo iyi. Maona? Hazvirevi kuti mutauro; zvinoreva chikamu chemutumbi wako chinova rurimi. Kana mukacherechedza, zvakadudzirwa kuti *ndimi dzemoto* zvinoreva kuti “sendimi,” semurazvo wemoto, murazvo wemoto wakareba. Zvino, tarisai kusimbisa kwacho zvino. Uye neimwe neimwe yenzvimbo idzodzo zvino, musazvikanganwe.

³⁵ Zvino, tichapa kamutambo kadiki husiku huno. Uye ndichazvisiira kwauri. Zvino rangarirai, kana chimwe chinhu chichipesana, zvava kwauri. Asi nzira yoga iyo munhu anogona kuwana chero chinhu kubva kuna Mwari kuburikidza nekutenda. Uye usati wagona...

³⁶ Ndinofanira kuziva zvandiri kuita ndisati ndagona kuva nekutenda mune zvandiri kuita. Ko sei wakaroora mudzimai wako? Wakava nekutenda maari. Wakanga wamuedza, ukamutarisa, ukaona kwaanobva, zvaakange ari. Ndiyo nzira yazviri neGwaro, naMwari. Ndizvo zvinoita zviratidzo izvi, sho—Shongwe yeMoto iyi, zvose zvinhu izvi, nekuti Mwari vakazvivimbisa. Mwari vakataura kudaro. NdakaVaedza neShoko raVo uye ndikaziva kuti iRo iZvokwadi. Zvino imi teverai Shoko raVo. Zvino kana paine kakuvhiringika kadiki pane imwe nzvimbo, zvino pane chimwe chinhu chakatsveyama pane imwe nzvimbo. Nekuti Mwari (teererai!)—Mwari havana kumbobvira kana kuti havambofi vakaita zviru kunze kwezvaVo ivo—kana zvinopesana nemirairo yaVo pachavo. Chando hachiyui muzhizha, uye zhizha hariuyi muchando. Mashizha haadonhi mupfumvudza odzoka zvakare munguva yematsutso. Hautongogoni kuzviita.

³⁷ Sezvakandataura husiku hwapfuura pamusoro pechitubu, chichidiridza zvirimwa zvako. Kana kuti toti wakamira kunze kuno pakati pemunda, uye kwakasviba kuti ndoo, zvino woti, “Oo, magetsi makuru, ndinoziva kuti uri mumunda. Zvino, ndarasika, handizivi kwandiri kuenda. Ipa chiedza,

kuitira kuti ndione mafambiro! Pane magetsi anokwana kuvheneka munda.” Ichokwadi. Hongu, changamire! Pane magetsi anokwana mukamuri ino kumuvheneka pasina kana zviedza izvozvo, pasina izvozvo. Asi unofanira kuafambisa neimwe nzira. Zvino, unogona kudanidzira kwaari kusvikira usisagoni kudanidzira zvachose, haabatiri. Asi ukashanda maererano nemurawu wemagetsi, zvino unowana chiedza.

³⁸ Saka, ndizvo zvazviri naMwari. Mwari ndivo Musiki mukuru wematenga nenyika, mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Vachiri Mwari. Asi Vanoshanda chete uchitevera mitemo yaVo nekuraira. Shamwari, ndinotaura izvi: Handisati ndazviona zvichikundikana, uye hazvimbodaro.

³⁹ Zvino, ngaticherechedzei. Jesu muna Ruka 24:49 akanga atuma vaapostora mushure mekunge vaponiswa nekucheneswa maererano neShoko; varuramiswa nekutenda muna Ishe Jesu; vakacheneswa pana Johani 17:17 apo Jesu akati, “Vachenesei, Baba, kuburikidza neZvokwadi. Shoko reNyu iZvokwadi.” Uye Aiva Shoko.

⁴⁰ Zvino, akavapa simba rekupodza vanorwara, kudzinga madhimoni, kumutsa vakafa; zvino vakadzoka vachifara. Uye mazita avo akange ari muBhuku reHupenyu reGwayana. Munorangarira here kuti takambopfuura nemazviri zvino. Asi vakange vasati vatendeuka. Jesu akaudza Petro husiku hwekuroverwa kwaKe; Akati, “Mushure mekunge watendeuka, wobva wasimbisa hama dzako.”

⁴¹ Mweya Mutsvene ndiwo...Uri kutenda kuHupenyu Husingaperi, asi kana Mweya Mutsvene wauya ndiWo Hupenyu Husingaperi. Uri kutenda kune...Wakaberekwa neMweya pakucheneswa, asi usina kumbobvira wakaberekwa neMweya kusvika Mweya Mutsvene wapinda. Ndizvozvo chaizvo. Mwana mucheche ane hupenyu mudumbu raamai, nyama diki dzemuviri dzichigwinha-gwinha; hupenyu. Asi hupenyu hwakasiyana paanofema mweya wehupenyu mumhino dzake. Hwakasiyana. Ndizvo zvazviri, zviri...

⁴² Hama yangu inodikanwa muMethodisti, nePilgrim Holiness, neNazareni, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwakasiyana nekucheneswa. Kucheneswa ndiko kusukwa, kunova kugadzirirwa kweHupenyu. Asi kana Mweya Mutsvene wauya, ndiWo Hupenyu. Gadziriro kuchenesa mudziyo; Mweya Mutsvene uri kuzadza mudziyo. *Kucheneswa* kunoreva kuti “kucheneswa nekuiswa parutivi kuzoitira basa.” Mweya Mutsvene kuuisa pabasa. Uri mudziyo wakacheneswa naMwari.

⁴³ Zvino tinoona kuti Mweya Mutsvene ndiMwari pachaVo mauri. Mwari vakange vari pamusoro pako muShongwe yeMoto naMosesi. Mwari vakange vainewe muna Jesu Kristu. Zvino Mwari vari mauri muMweya Mutsvene. Hakuna vanamwari vatatu, Mwari mumwe chete achishanda mumahofisi matatu.

44 Mwari vachidzika, vachiburuka vachibva pamusoro pemunhu. Akange asingagoni kuVabata, nekuti akange akatadza mubindu reEdheni nekuzvipatsanura kubva muyanano yaVo. Zvino chii chakazoitika? Akatozofanira kuva pamusoro pake. Ropa renzombe nembudzi harina kuVatendera kuti vayanane nemunhu zvakare; asi mukuburikidza nemirawu nezvitevedzwa, zvichifanofananidzira nguva ino iri kuuya, yekupirisa nzombe, nezvakararo, nemakwai... Zvino Mwari pavakadzika vakagara mumutumbi wakacheneswa, wakaberekwa nemudzimai mhandara, kuti Mwari pachaVo... Munoziva here zvakaitwa naMwari? Ivo—Ivo havana zvavakaita asi kungo... Vakaisa Tende raVo pakati peedu. Mwari vakagara muTende rinonzi Jesu Kristu. Vakagadza Tende raVo pamwe nesu, rikava... (Ndicha—paridza nezvazvo mangwanani, saka regai ndizvisiye zvakadararo.) Zvino, kuti—tende raMwari kana kuti ndokuzogara nesu... .

45 Zvino Mwari vari matiri. Jesu akati muna Johani 14, “Nezuva iroro muchaziva kuti Ndiri muna Baba, Baba vari maNdiri, uye Ini ndiri mamuri, uye imi muri maNdiri.” Mwari vari matiri. Chaiva chinangwa chei? Kupfuurira mberi nehurongwa hwaVo.

46 Mwari vakange vaine hurongwa. Vaida kushanda pakati pevanhu, zvino Vakahuunza muShongwe yeMoto, yaiva Moto usinganzwisike waive wakaremba pamusoro pevana veIsraeri. Zvino Moto mumwe chetewo wakaratiidzwa mumutumbi waJesu. Zvino Akati Aiva Moto iwoyo, “Abrahama asati avepo, NDIRI.” Akange ari Moto iwoyo. Akati, “Ndinobva kuna Mwari, uye Ndinodzokera kuna Mwari.” Zvino mushure merufu rwaKe, kuvigwa, nerumuko, Mutsvene Pauro akasangana naYe munzira—apo zita rake rakange richiri Sauro—munzira kuenda kuDhamasiko, uye Akange adzokerazve kuShongwe yeMoto iya. Chiedza chakapofomadza maziso ake. Ndizvozvo chaizvo.

47 Zvino heunoi Ari pano nhasi, Shongwe yeMoto imwe chete, Mwari vamwe chete vachiita zviratidzo zvimwe chete, mabasa mamwe chete. Sei? Vari kushanda pakati pevanhu vaVo. Vari matiri. Ini... Vanemi zvino, “asi Ndichava mamuri. Ndichava nemi, kunyangwe mamuri, kusvika kunoperera magumo,” magumo enyika. Vachange vanesu.

48 Zvino, cherechedzai. Jesu akavatuma kuti vaende kuJerusarema kunomirira. Izwi rekuti *kumirira* rinoreva kuti “kugarira,” hazvirevi kuti kunamata, kunoreva kuti “kugarira.” Vakange vasati vava avo vanokodzera kuparidza, nekuti vaiziva rumuko rwaKe chete Pazima hwaKe, hwekuMuona kunze. A—Akavaraira kuti vasaparidza zvachose, vasaite chimwe chinhu kusvikira kutanga vazadzwa neSimba rinobva kumusoro.

Handitendi kuti chero muparidzi upi hake akatumwa naMwari kana kuti anogona kugadzwa chaizvoizvo... Nekuti Mwari havana magumo. Uye zvinoitwa naMwari kamwe chete, Vanozviita nguva dzose. Zvino, kana Mwari vasina kuvatendera kuparidza kusvikira vaenda kuPentekosti uye ndokugamuchira chiitiko chePentekosti, hakuna munhu, kunze kwekuti chido chake pachake chakadzama kana rimwewo sangano rinenge ramutuma, ane kodzero yekuenda papurupiti kusvikira azadzwa neMweya Mutsvene. Ndizvoizo chaizvo. Nekuti ari kuvatungamirira nenzwisiso yepfungwa dzerimwewo sangano kusvikira azadzwa neMweya Mutsvene; uyezve, ari kuvapa chikafu chenjiva; *Gwayana neNjiva*, sezvatakataura manheru apfuura.

⁴⁹ Zvino cherechedzai. Akati, “Endai kumusoro kuJerusarema uye garai ikoko; chingomirirai muri ikoko kusvikira ndatumira chipikirwa chaBaba.” Uyezve, vakaitei? Paiva nezana nemakumi maviri vavo, varume nemadzimai. Vakenda mukamuri yekumusoro kutemberi.

Zvino, zuva reMutambo wePentekosti rakange rava kusvika, kubva mukucheneswa kwenzvimbo tsvene, kuurwaiwa kwegwayana repaseka kusvika ku—kuuya kwePentekosti, waiva muchero wekutanga wegoho, jubheri, jubheri rePentekosti. Zvino pazvivakwa...

⁵⁰ Zvino, ndakange ndiri mudzinyika. Nyika dzekumabvazuva kashoma kuva nemasitepisi mukati. Masitepisi aive kunze. Kunze kwetemberi, tinoudzwa kuti, paiva nemasitepisi aikwira kudenga kusvika kune kakamuri kadiki kumusoro ikoko; achienda kumusoro, kumusoro, kumusoro, kusvika wasvika kune kamuri diki kumusoro ikoko, sekamuri yekuchengetera zvinhu pamusoro petemberi, imwe mhando yekamuri diki, kamuri yepamusoro. Zvino Bhaibheri rakati vakange vari mukati imomo uye mikova yakange yakavharwa, nekuti vaitya maJudha, nekuti vaizovaita kanyama-kanyama nekuda kwekunamata Ishe Jesu, mushure mekunge Kayafasi muprisita mukuru, naPontio Pirato, nevamwe vakange vaMuuraya. Saka vakange vari kuzouraya vose vainzi Makristu. Zvino mikova yakange yakavharwa, zvino vakange vakamirira.

⁵¹ Zvino, mumakamuri iwayo akadaro, hamuna mahwindo. Mahwinge aiva zvinhu zvidiki zvekuvharisa zvine anoita sokunge masuwo, zvawaidhonza uchivhura. Mumakamuri iwawo mune marambi madiki emafuta airembera uye achipfuta... Kana muchinge muri muCalifornia muClifton's Cafeteria, dzikai mune kamuri yezasi, zvino muchaona rimwe remhando yakafanana neiyoyo, emukamuri yepamusoro. Makambovako here? Vangani vari muno vakambovako? Ndinoona vanhu vari kugutsurira musoro wavo. Saka, munoziva zvandiri kutaura nezvazvo. Zvakanaka. Endai zasi ikoko, zvino muchaona Bindu reGetsemani; musati madaro,

muchapinda mune imwe yemakamuri iwayo ekumabvazuva. Ndicho chokwadi chaicho. Imomo munoono rambi diki rakazara nemafuta emuorivhi netambo diki yeshinda yakanyudzwa mairi, ichibvira.

⁵² Zvino, ngatitii vaiva kumusoro ikoko, vachikwira manera nechekunze uku. Vakakwira kumusoro ikoko vakazviviga, nekuti vaitya maJudha. Jesu haana kuvaudza kuti vaende kukamuri yekumusoro. Akangoti, “Mirirai muJerusarema.” Vakange vari zasi kuno mumba, zvakanga zvakaoma kuti vazive zvaizoitika. Vaigona kupinda vovatora. Saka vakaenda mukamuri diki yakare kumusoro, kumusoro-soro mukamuri iri mudenga rechivakwa, uye imomo, vakavhara kamuri nezvihuri kuitira kuti maJudha asagona kupinda kwavari. Zvino vakagara imomo vakamirira kwemazuva gumi.

⁵³ Zvino, zvino, tiri muna Mabasa 1. Zvino, teererai nepedyo zvino. Mazvibata here? Kunze kwechivakwa masitepisi madiki aikwidza mudenga, zvino vakapinda mukamuri diki iyi. Zasi mutemberi vakange vachiita Mutambo wePentekosti. Oo, pakange paine nguva huru yayitika. Zvino, zuva rePentekosti parakasvika zvizere, vose vakange vaine mufungo mumwe chete, mufungo mumwe chete, vachitenda kuti Mwari vakanga vari kuzotumira vimbiso iyoyo. Munhu wese ari muno ngaapinde mumufungo mumwe chete husiku huno muone kuti chii chinoitika. Zvinotofanira kudzokorora. Ivimbiso yakangofanana neyavaiva nayo. Maona?

⁵⁴ Vaiiteiko? Vaitevera rairo, vaitevera mi—mi—mirawu yaMwari: “Mirirai kusvikira. . .”

⁵⁵ Zvino, vakange vachitya maJudha. Zvino, rangarirai izvozvo. Vaitya maJudha. Zvino, kamwe-kamwe kwakauya ruzha rwakaita semhepo inovhuvhuta. Yakange isiri mhupo inovhuvhuta; rwakaita semhepo inovhuvhuta. Ndichaverenga zvita urwa mumaminitsi mashoma chete emududziri. Rwaive rwakaita semhepo inovhuvhuta. Nemamwe mashoko, yaiva mhupo yemweya (oo!), chimwe chinhu chavaigona kunzwa. Mhupo yakange iri mukati mavo. Pakauya mh—mhupo yaivhuvhuta, yakaita semhepo inovhuvhuta. Mhupo yakange isiri kuvhuvhuta, asi rwakangonzwika semhepo yaivhuvhuta, sokunge chimwe chinhu chaipfuura: Fiyuu! Makamboinzwa here? Oo, ini zvangu! Semhepo yaivhuvhuta. Zvino tarisai. Uye yakazadza. . . Zvino, imo muno rakati “mose,” asi muchiGiriki rakati “Yose (Nevara guru Y-o-s-e), Imba Yose,” kwese-kwese imomo. Mutswi wose, kona, negwanza zvakaita sezvakazara narwo. Kwete kuti, “Nhahi, Hama, muri kunzwa here zvandiri kunzwa?” Kwete! Rwakange rwuri kwese-kwese, semhepo yaivhuvhuta. Zvino tarisai. “Pakauya ruzha semhepo yaivhuvhuta zvine simba uye (chibatanidzo. Zvino tarisai vana uye ivavo. Kana ukasaziita, unoRiita kuti rireve zvimwe zvinhu zvaRisingarevi. Maona?)—uye sekunge

(ndizvo zvakaitika kutanga rwaiva ruzha, chimwe chinhu chakaita sekunge mhe—mhupo inovhuvhuta yakauya pamusoro pavo)—uye (munorangarira, husiku hwapfuura ndakaenda kuchitoro ndikanotenga rofu rechingwa nyama. Ndechimwe chinhu chakaenda nacho. Chingwa ndechimwe chinhu, nyama ndechimwe chinhu. Zvino ruzha rwakanga rwuri chimwe chinhu chakavarova)—zvino pakaonekwa kwavari, (pamberi pavo) ndimi—ndimi dzakapatsanurwa.”

⁵⁶ Pane here mumwe munhu here ari muno akamboona *Mirairo Ine Gumi* yaCecil DeMille? Makacherechedza here Mirairo payainyorwa? Kuti akazvibata sei, handina kuziva. Paiva nezvinhu zviviri kana zvitatu zvandakaona mariri zvakafarira chaizvo. Chekutanga ndicho chiedza cheemerald, ndiwo chaiwo maratidzikiro aChakaita. Maona? Chimwe chinhu chaiva paiva apo Murairo pawakanyorwa, uye mushure mekunge zvapera, makacherechedza here kuchibhururuka kubva paShongwe yeMoto huru iya, paiva nemirazvo yemoto midiki yaibhururuka ichienda? Makazvicherechedza here? Zvino, ndizvo zvandinofunga kuti ndizvo zvazvaiva paPentekosti. Kwavari kwakaonekwa... Saka vaigona kuIona. Harina kuti, “Ipapo wakadonhera mavari.” Asi ipapo pakaonekwa kwavari mirazvo (tichaudana kudaro), ndimi, serurimi serurumi urwu pano, [Hama Branham vanoratidza—Mupepeti], chimiro cherurimi, murazvo wemoto. Zvino, nzeve—sezvandataura, nzeve inzeve; munwe munwe. Munwe hazvirevi kuti wazvinzwa; zvinoreva kuti zvakaita semunwe. Uye kana yakange iri nzeve, hazvirevi kuti vaizvinzwa; zvaitaridzika senzeve. Uyu waiva moto waitaridzika serurimi, kwete mumwe munhu aitura, moto waita serurimi.

⁵⁷ Zvino, teerera. Tarisai kuti chiGiriki chinozviverenga sei pano:

Zvino pakarepo kwakauya ruzha...rwakaita sorwemhepo inovhuvhuta zvine simba... (ndima 3—3.)

Zvino ndimi dzakaparadzana dzakauya kwavari, . . . (Kwete kuti ndimi dzakaparadzana dzaiva mavari, kana kuti vaitaura nendimi yakapatsanuka; dzakanga dziri ndimi dzakaparadzana dzakauya kwavari. Zvino, tarisai. Hausati wava pavari pari zvino. Urimo imomo mukamuri, uchitenderera sezviri mhupo iyi). . .kwavari. . .dzinenge. . .moto. . . ndimi dzakaparadzana. . .dzakauya kwavari. . . (dziri pamberi pavo) dzinenge. . .moto, (ndimi dzakaita semoto) uye imwe (yoga) yakazorora pane *mumwe nemumwe wavo*. (Kwete kupinda mavari; asi dzakazorora pamusoro pavo.)

58 Zvino, onai kuti King James yakazvirasa sei: “Zvino ndimi dzakaparadzana dzakauya pamusoro pavo, kana kuti kuzorora (zviri kuverengwa zvichinzi chii muKing James imomo?) dzakagara pamusoro pavo.” Maona? Zvino, yakanga isingagoni kuenda pamusoro ipapo ichinogara. Tinozviziva izvozvo. Asi repamavambo rakati, “Yakazorora pamusoro pavo,” ndinotenda kudaro; handizvo here? Regai ndizvitore chaizvo sezvazviri. Hongu! “. . . dzakazorora pamusoro pemumwe nemumwe wavo.” Rimi rimwe remoto rakazorora pamusoro pemumwe nemumwe wavo. Maona ipapo? Muri kuzvibata here? Ndicho chinhu chepiri chakaitika. Chekutanga yaiva mhopo, kuchitevera kuonekwa kwendimi dzemoto.

59 Maiva mukamuri diki ino pano ine marambi emafuta aibvira. Vafungei vakagara kumusoro ikoko. Zvino mumwe anoti, “Oo!” Akatarisa-tarisa muchivakwa chose; dzakange dzakazara muchivakwa chose. Ndokubva vati, “Tarisai!” Ndimi dzemoto dzakatanga kuuya imomo muchivakwa. Zvino tarisai. Zvino kwakauya ndimi dzemoto idzi.

Zvino tarisai zvinotevera:

Uye (Chimwe chibatanidzo; chimwewo chinhu chakaitika.) *vose vakazadzwa neMweya Mutsvene, . . .*
(Chinhu chepiri chakaitika.)

60 Zvino munona, tinoda kuzvishandura izvozvo tichiti, “Vakanga vaine ndimi dzemoto, uye pano vachitaura zvisinganzwisisike; uye zvakare vakabuda panze ndokutanga kutaura nendimi isingazivikanwi.” Hakuna chinhu chakadaro muMagwaro, shamwari. Chero munhu upi anotaura nendimi isingazivikanwi mushure mekunge agamuchira Mweya Mutsvene anozviita achipesana neBhaibheri. Zvino ndave kuzokuratidzai mumaminitsi mashoma ndokuratidzai kuti ndinotenda mukutaura nendimi dzisingazivikanwe, asi kwete kugamuchira Mweya Mutsvene. Ichocho chipo cheMweya Mutsvene. Mweya Mutsvene Mweya.

61 Zvino tarisai. Ndimi idzi dzaiva mukamuri semoto, uye dzakagara pamusoro pemumwe nemumwe. Zvino vakabva vazadzwa neMweya Mutsvene (chinhu chechipiri), uye zvakare, mushure mekunge vazadzwa neMweya Mutsvene, vakataura nendimi, kwete nendimi, nemitauro. Mazvicherechedza here? Vakatangana kutaura nemimwe mitauro sekutaura kwavaipihwa neMweya kuti vaite. Zvino, izvi zvakanzwickwa kusvika kunzvimbo dzekure.

62 Zvino tarisai. Zvino, ngatimbozviratidzai zvakare kuitira kuti musazvikanganwe zvino. Maererano neRugwaro, mukamuri yepamusoro vakamirira, kamwe-kamwe ruzha rwakaita semhopo inovhuvhuta, rwakava pamusoro pavo; akanga ari Mweya Mutsvene. Vangani vanotenda kuti uku kwaiva kuuya kweMweya Mutsvene? Semhopo, mhopo yemweya. Zvino

vakacherechedza. Uye muri mukati imomo makange muine ndimi dzemoto diki, zana nemakumi maviri adzo, dzikatanga kuzorora ndokugara pamusoro pemumwe nemumwe wavo. Chaiva chii? Chaiva chii? Shongwe yeMoto, yakanga iri Mwari pachaVo vachiZvipatsanura pakati pevanhu vaVo, vachipinda muvanhu. Jesu aiva nezvose; Akange aine Mweya usina muganhu; isu tinoUwana muchidimbu (munoono here zvandinoreva?), nekuti tiri vana vakagadzwa. Hupenyu hwaKe—Hupenyu hwaKe Husingaperi hwakanga huri kupinda. Zvino, chii chakaitika? Zvino vakazadzwa vose neMweya Mutsvene.

⁶³ Zvino, ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Ko guhu rakatanga riinhi? Dai vainge vakabuda kubva mukamuri yepamusoro iyoyo kuti vadzike zasi nemasitepisi iwayo uye vouya vachipinda muzvivanze zvemuzinda—kana kuti kunze vachipinda mune—kuzvivanze zvetemberi, zvaigona kunge zvaiva kanhambwe kubva pavaiva ikoko, kumusoro nezasi, kunze muzvivanze uko kwakange kwakaungana vanhu vose vari pamwe chete. . . Zvino vakabuda kubva imomo vachiita sevakadhakwa neMweya. Nekuti vanhu vakati, “Varume ava vakazara newaini itsva.” Havana kubvira vakamboona zvakadaro.

⁶⁴ Uye munhu woga-woga aiedza kutaura kuti, “Mweya Mutsvene wauya. Chipikirwa chaMwari chiri pamusoro pangu. Nda—ndazadzwa neMweya.” Zvino iye ari wemuGarirea, murume waaitaura naye, muArabhu kana wekuPersia, akamunzwa nemutauro wake chaiwo.

⁶⁵ “Ko zvatinonzwa wanhi (kwete ndimi isingazivikanwi)—ko zvatinonzwa wanhi munhu wese nemutauro watakabarwa nawo. Vose ava vari kutaura havasi here vemuGarirea?” Uye pamwe vaitotaura chiGarirea. . . Asi pavakachinzwa, waiva mumutauro wavo wavakabarwa nawo. Kana zvisizvo, ndinoda kuti mundibvunze—mundipindure mubvunzo uyu: Ko zvakagova sei kuti Petro akasimuka kumusoro ikoko akataura nechGarirea, boka rose rikanzwa zvaaitaura? Mweya zviuru zvitatu zvakauya kuna Kristu ipapo apo Petro aitaura mumutauro mumwe chete. Chokwadi! Vaiva Mwari vaiita nana. Petro, kuungano imwe chete yakanga iine vagari veMesopotamia, nevatorwa, uye nevanamati vaiva vemarudzi, nevose kubva kwese pasi rose vaiva vakamira ipapo. . . Zvino Petro akamira achiparidza mumutauro mumwe chete, zvino munhu wose akamunzwa, nekuti zviuru zvitatu zvakatendeuka uye zvikabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu pakare ipapo. Zviri sei izvozvo?

⁶⁶ Munoono, shamwari, handigoni kutarisira hama yangu yekumasangano, yechiPentekosti kuti abvume izvozvo iko zvino. Asi zvirondei izvozvo nemuBhaibheri mundiudze chero nguva yavakambogamuchira Mweya Mutsvene vakataura nendimi yavakanga vasingazivi kuti ndeipi yavaitaura nayo. Uye kana

iri iyo nzira yavakaUwana ikoko, Mwari vanozvitonga... Zvinotofanira kuitika nguva dzose nenzira imwe chete.

⁶⁷ Zvino, handigoni...Zvino, kumba kwaKorne... Tinorangarira, patakaenda zasi kuSamaria, husiku hwapfuura, takaona kuti pakanga pasina kana chinhu chimwe chete chakanyorwa pamusoro pavo vachinzwa mune chero mumwe mutauro, hapana chinhu chakambotaurwa nezvazvo. Asi pavakaenda kumba kwaKornerio, kwakanga kuine marudzi matatu akasiyana evanhu, vakataura nendimi. Zvino pavakazviita, kana vakazviita, vakaUwana, Petro akati, nenzira imwe chete yavakaUwana kumavambo. Zvino vakaziva kuti veMarudzi vakanga vagamuchira nyasha kubva kuna Mwari, nekuti vakanga vagamuchira Mweya Mutsvene sezvavakangoita pamavambo. Ndine mubvunzo pano, chimwe chinhu pamusoro pazvo mumaminitsi mashoma. Ndanga ndichida kuisa nheyo, kuitira kuti muone zvazviri.

⁶⁸ Zvino, handigoni kutarisira vanhu vakadzidziswa zvakasiyana...Zvino nditeererei, hama vadikani vangu, vanokosha, vechiPentekosti. Handimbodzidzisi izvi kunze. Izvi zviri...Handingamboiti chimwe chinhu kuti ndikonzerese gakava. Asi kana tikasawana Chokwadi, ko tichazotanga riinhi? Tinofanira kuwana chimwe chinhu chinoitika pano kuti chititwasanudze. Tinofanira kuwana nyasha dzekubvutwa pano zvino. Chokwadi chinofanira kubuda.

⁶⁹ Ko munhu aizoita sei kana ari matsi, nekuva mbeveve, asingagoni kutaura zvachose? Aizogona kugamuchira Mweya Mutsvene here? Ko dai asina rurimi kutanga kwacho, zvino muchinda anonzwa urombo achida kuponeswa? Maona? Mweya Mutsvene, rubhabhatidzo. Uyezve, zvimwe zvipo zvose izvi sekutaura nendimi, nekududzirwa kwendimi, zvinouya mushure mekunge waya muMutumbi nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Nekuti zvipo izvozvo zviri muMutumbi waKristu.

⁷⁰ Zvino, chikonzero ndichiti...Zvino, tarisai kuno. Mungatarisire here chechi yeKatorike, yakanga iri iyo chechi yekutanga kuitwa sangano munyika mushure mevaapostora... Ipapo chechi yeKatorike yakaitwa sangano, oo, makore mazana mazhinji mushure merufu rwemuapostora wekupedzisira, mamwe makore mazana matanhatu ne—mushure mevaapostora, mushure meKanzuru yeNicaea, apo madzibaba eNicaea akauya pamwe chete vakaita sangano; ipapo vakazoisa chechi yepasi rose, yaiva chechi yeKatorike. Imomo vakaita chechi yepasi rose. Zvino izwi rekuti *katorike* rinoreva kuti “pasi rose”; iri kwese-kwese. Ivo...vaRoma—Roma yavahedheni yakashandurwa kuva Roma yapapa. Uye vakagadza papa kuva mutungamiri kuti atore nzvimbo yaPetro, uyo wavakafunga nekutaura kuti akapihwa makii ekuHumambo naJesu. Zvino papa iyeye akanga asingakananganise, uye achakangodaro kunyangwe nhasi

uno kuchechi yeKatorike. Kuti . . . Shoko rake ndiwo murawu nehurongwa. Ndipapa asingakanganise. Zvakabudirira.

⁷¹ Uyezve, nekuda kwekuti havana kubvumirana nedzidziso yechiKatorike iyi, vakauraiwa, vakapisirwa pamatanda, nezvimwe zvose. Tose tinoziva kuti kuburikidza nemuzvinyorwa zvakayereswa zvaJosephus, ne*Fox's Book of the Martyrs*, nemamwe akayereswa akawanda . . . Hislop's *Two Babylons*, nenho—nhoroondo huru. Zvino, iwo—mushure memakore chiuru nemazana mashanu, sezvatinoziva, eMazera Erima, Bhaibheri rakatorwa kubva muvanhu. Zvino Raka—Rakavigwa nemumwe muprisita mudiki, nevamwe vakadaro, tinonzwisisa.

⁷² Zvino mushure mazvo kwakauya kuvandudzwa kwekutanga kwaiva Martin Luther. Zvino akabuda akati chirairo chinodanwa nemaKatorike kuti mutumbi—mutumbi chaiwo waKristu, chaingomirira chete mutumbi waKristu. Zvino ndokukandira chirairo panotangira artari, kana pamasitepisi, akaramba kuchidana kuti mutumbi chaiwo waKristu, uye akaparidza, “Vakarurama vachararama nekutenda.” Zvino, haugoni kutarisira chechi yeKatorike kuti ibvumirane naye, zvirokwazvo kwete, kana mutungamiri wavo asingakanganise achivaudza kuti kwete. Zvakanaka.

⁷³ Zvino mushure maMartin Luther, achiparidza Kururamiswa, John Wesley akauya achiparidza Kucheneswa. Zvino akaparidza kuti munhu, mushure mekunge aruramiswa (zvakanaka) asi unofanira Kucheneswa, kugezwa, mudzi wehuipi hwadzurwa kubva mauri neRopa raJesu. Zvino, haugoni kutarisira maLutherani kuparidza Kucheneswa, nekuti havasi kuzozviita.

⁷⁴ Mushure mekunge Wesley aparidza Kucheneswa, nemamwe mapoka madiki akakwachuka kubva mairi, kuchiyawo, Methodist yeHwisiri, neNazareni, nemamwe akadaro, akachengetedza moto uchibvira nemuzera ravo, ndokubva kwauya Pentekosti ikati, “Nhai, Mweya Mutsvene ndiwo rubhabhatidzo, uye tinotaura nendimi kana tichiUgamuchira.” Chokwadi. Zvino izvozvo pazvakauya, hauna kugona kutarisira maNazareni, nemaMethodisti eHwisiri, nevamwe vakadaro kuzvitenda. Vakanga vasingazviiti. Vakazvidana kuti dhiyabhore. Zvakanaka. Chii chakaitika? Vakatanga kudonha; Pentekosti ikatanga kusimuka. Zvino yasimuka kusvika panzvimbo yekuti Pentekosti yakazvizunguza. Yakaita sangano ikabuda, haichagamuchiri chero chimwe chinhuze. Vane mitemo yavo nemirawu, zvino zvinobva zvaperera ipapo.

⁷⁵ Zvino, kana Mweya Mutsvene wapinda uye wozarura Chokwadi chechimwe chinhu uye wozviratidza neHupo hwaKe womene uye kuburikidza neShoko raKe, haugoni kutarisira vanhu vechiPentekosti kuti vati, “Ndichabvumirana nazvo.” Unotofanira kumira woga sezvakaaitwa naLuther, zvakaaitwa

naWesley, uye sezvakaitwa nevamwe vose. Unotofanira kumira pazviri nekuti nguva yakwana. Zvino ndizvo zvinondiita zambiringa munyemba. Ndizvo zvinondiita akasiyana.

⁷⁶ Uye handigoni kutanga sezviri Hama yangu inokosha Oral Roberts, naTommy Osborn, Tommy Hicks, nevamwe, nekuti machechi haabvumirane neni. Vanoti, “Anotenda muchengetedzo yekusingaperi. MuBaptisti. Haatendi mukutaura nendimi sechiratidzo chekutanga cheMweya Mutsvene. Ibvai pamuchinda iyeye!” Maona?

⁷⁷ Asi huyai mutarisane chiso kuchiso nazvo. Zvitarisei. Vanogona kutarisana nemaLutherani, ma—maMethodisti anogona. MaPentekosti anogona kutarisana nemaMethodisti. Ini ndinogona kutarisana nemaPentekosti nazvo. Ndizvozvo chaizvo. Ichokwadi. Sei zvakadaro? Tiri kufamba muChiedza sezvaAri muChiedza. Maona? Tiri kufamba tichikwira neMugwagwa mukuru waMambo, zvino paunoramba uchiuya, nyasha dzakawedzerwa dzinopihwa, simba rakawedzerwa rinopihwa, chemweya chakawedzerwa chinopihwa. Zvino hezvo kaizvo. Ino ndiyo nguva iyo Mweya Mutsvene wakadzika uri muchimiro cheChiedza sezvaWaiva kumavambo, Shongwe yeMoto, uye yakaZviratidza pachayo, ichiita zvinhu zvimwe chetezvo zvaAkaita paAiva pano panyika. Zvino Jesu akati, “Unoziva sei kuti ndivo vechokwadi kana kuti havasi? Nezvibereko zvavo muchavaziva. Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiyewo achaaaita. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.”

⁷⁸ Zvino, hama dzangu dzechiPentekosti. Ndinemi. Ndiri mumwe wenyu. Ndine Mweya Mutsvene. Ndakataura nendimi, asi handina kudziwana pandakagamuchira Mweya Mutsvene. Ndakawana rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene; ndakataura nendimi, ndikaporofita, ndikava nezvipo zvezivo, huchenjeri, kududzira, nezvose zvichiitika. Asi ndine kodzero kuzvinhu izvozvo, nekuti ndiri mwana waMwari. Simba, Moto waMwari uri mumunhu wangu wemukati; ndimi yeMoto iyoyo yakagara—yakapinda mandiri ikapisa zvinhu zvose zvakanga zvichipesana naMwari, uye zvino ndinotungamirirwa neMweya waVo. Vanogona kuti, “Enda *apa*,” zvino ndinoenda. “Enda *apa*”; ndinoenda. “Taura *apa*”; ndinotaura. “Uye ita *ichi, icho, nechimwe*.” Hezvoka izvo, sezvakangoita... Unotungamirirwa neMweya. NdiMwari vari mauri, vachishanda kuda kwaVo. Zvisinei kuti chii, Vari kushanda kuda kwaVo.

⁷⁹ Zvino, teererai. Regai ndione ndiverenge pano tisati tatanga mibvunzo iri palexicon pano. Zvino, kubva paDudziro yeVatican, Bhuku 7, 190—1205:

“Zvakaoma kuziva kuti raiva here izwi revanhu avo vaitaura nemutauro usingazivikanwe; kana

zvinotaurwa kana guhu rwemaitiro emhepo yemweya yaivhuvhuta yakaitisa boka revanhu manyawi.”

Vakatadza kuzvinzwisisa. Zvino tarisai. Kuti vaive vanhu...

⁸⁰ Ndichangozviratidza. Herinoi boka revaGarirea varombo, vane mamvemve. Zvino hepanoi vari kunze uko mumugwagwa. Havana kumbobvira vakaona chimwe chinhu chakadaro: maoko avo ari mudenga, vabva mukamuri iyoyo yepamusoro, vachidzika zasi nemasitepisi iwayo, vachienda kunze ikoko, vakangozadzwa; havana chavakati vataura. Maona? Hevano vachidzika zasi neipapo. Uye zvino, ngatitii, vaiva kunze uko vachidzedzereka kwese-kwese ipapo. Zvino vanhu vakati... MuGiriki akamhanya kwandiri uye, akati, ndinotaura chiGarirea.

Unomhanya kwaari woti, “Chii chiri kuitika kwauri, Mukomana?”

⁸¹ “Ndazadzwa neMweya Mutsvene. Simba raMwari rawira kumusoro uko mukamuri iyo. Chimwe chinhu chaitika kwandiri. Oo, Kubwinya kuna Mwari!”

Zvino mumwe ari necheapo, ainge achitaura kumuArabhu, uye iye ari muGarirea achitaura mutauro wechiArabhu—Arabhu.

⁸² Zvino, havasi kugona kuziva, kuti yaiva mhepo yaivhuvhuta here yakaunganidza vanhu pamwe chete apo vanhu vazhinji pavakauya pamwe chete, kana kuti kwaiva here kutaura nemutauro usingazivikanwe wavaitaura nawo? Zvino, Bhaibheri harinyatsodaro... Une zvinhu zvizviri zvaunogona kutarisa. Zvakange zviri izvo... We—wekunze akati, “Ko zviri kufamba sei kuti tinzwe munhu wose mururimi rwedu chairwo rwatakaberekwa narwo?” Harina kutaura kuti vaiutaura, asi vaiunzwa.

⁸³ Zvino boka rimwe chete, vanhu vamwe chete, tsanangura izvi. Petro akasvetukira pane chimwe chinhu akati, “Imi varume veGarirea, nemi vanogara muJerusarema, ngazvizivikanwe kwamuri (vanhu vavakati vakange vasina mutauro wekuGarirea) ngazvizivikanwe kwamuri uye teererai kumashoko angu (mu—mutauro upi waaitaura nawo, kwavari vose?); nhai, ava havana kudhakwa sezvamunofungira, muchiona kuti ingori awa yechitatu yezuva, asi izvi ndizvo zviya zvakataurwa namuporofita Joere: ‘Uye zvichaitika kuti nemazuva okupedzisira, zvakarehwa naMwari, Ndichadurura Mweya waNgu panyama yose. Vanakomana venyu nevanasikana venyu vachaporofita.’” Akaenderera mberi, uye akati, “Imi nemaoko akaipa makaroverera Mwanakomana waMwari akanga asina mhaka. Dhavhidhi aiva akataura pamusoro paKe... haaizosiya mweya waKe mugehena, uye haVaizotendera kuti Mutsvene waVo Agoona kuora.” Uye

akati, “Ngazvizivikanwe kwamuri kuti Mwari vakaita kuti Jesu mumwe chete iyeye wamakaroverera kuva zvole Ishe naKristu.” Zvino pavakanzwa izvi. . . Amen! Ani? Munhu wose ari pasi pematenga. Chii chakange chiri kuitika? Akange asingati, “Zvino, ndichataura nechiiGarirea; ndichataura neuyu; uye ndichataura neuyu. . . ? . . .”

⁸⁴ Petro achiri kutaure mashoko aya, vakati, “Varume hama, ko tingaita sei kuti tiponeswe?” Zvino Petro akavapa maitirwo azvo. Ndiyo nzira yazvinogara zvichiitika nayo. Maona?

⁸⁵ Zviri kukwira, zvichimanikidzira kupinda muna Mwari, kufamba pedyo. Unoziva sei? Saka zvino, Luther paakagamuchira kururamiswa, akakudana kuti Mweya Mutsvene. Wakange uri. Mwari vakaisa hushoma Wahwo imomo. Zvino Vakati chii? Wesley akagamuchira Kucheneswa, zvino akati, “Vakomana, paunodanidzira, wava naWo.” Asi vazhinji vavo vakadanidzira vakanga vasinaWo. Pakataura Pentekosti nendimi—ndimi dzisingazivikanwi, vakati, “Vakomana, mava naWo.” Asi vazhinji vavo vakange vasinaWo.

Hakuna zvinhu zvakadaro sezviratidzo zvekuziva izvozvo. “Nzira yoga yaunoziva muti,” Jesu akati, “nemuchero waunobereka,” mabasa eMweya, chibereko cheMweya. Zvino kana ukaona munhu akazadzwa nesimba, akazadzwa neMweya Mutsvene, ipapo unoona hupeyu hwakashandurwa. Unoona zviratidzo izvi zvichitevera avo vanotenda: “MuZita raNgu vachadzanga madhimoni, vachataura nendimi itsva. Kana nyoka ikavaruma, haizovakuvadzi. Kana vachinge vatora chinhu chinouraya, kuchinwa, hachivauraye. Vanoisa maoko pamusoro pevarwere, uye vanopora.” Ini zvangu! Mhando dzezviratidzo izvi dzinotevera avo vanotenda. Asi unopinda sei mazviri? Zvipo izvozvi zviri muMutumbi. Unopinda sei muMutumbi? Kwete nekutaure nzira yako kuti upinde; asi nekubhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete (Vakorinde Vekutanga 12:13). Mweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMutumbi iwoyo uye tichikodzera zvipo zvole. Ishe vakuropafadzei.

⁸⁶ Zvino, kana mumwe munhu akanzwa tepi iyi kana mumwe munhu ari pano akange achipesana, rangarirai, zviitei muhushamwari, hama, nekuti ndinokudai.

93. Mubvunzo wekutanga husiku huno: Hama Branham, ndinofunga kuti terevizheni chituko kunyika. Munofungei pamusoro payo?

⁸⁷ Zvakanaka, angave ani anyora izvi, ndiri kuzobvumirana nemi. Vakaita chituko kunyika. Yaigona kuva chiropafadzo kunyika, asi vakaita chituko. Chero chinhu chipi chakadaro, vanhu vangu vanodikanwa, ndeicho chaunotarisa iwe pachako. Kana terevhizheni iri chituko, zvino bepanhau chituko, zvino redhiyo chituko, uye nguva zhinji foni yakadarowo. Maona, maona, maona, maona? Ndeizvo zvaunochishandisira. Asi

nokuda kwekutaura kwakaitwa nehama humwe husiku, kuti hapasisina zvirongwa paterevhizheni zvachose; imari yakawandisa. Muparidzi murombo anoparidza Vhangeri Rakazara haagoni kubhadhara chirongwa chepaterevhizheni. Saka naizvozvo. . . Hama yakataura humwe husiku, ndinotenda, pane imwe nzvimbo, yakati, “Bvisa huruva paredhiyo yako,” kana mumwe munhu, kana, “Idzosei kubva mukona muteerere kuzvirongwa izvozvo.” Ndizvozvo chaizvo.

⁸⁸ Asi, munhu mudikani, chero wamungava, zvirokwazvo ndinobvumirana nemi. Yasvika pakuva chimwe chezvinhu zvakaipisira kurudzi rwevanhu. Imomo vanotora mari yose iyi pano inofanira kunge ichienda kuhurumende iri yemitero, zvino voiisa mukushambadza muzvirongwa zvese zvefodya dzose idzi nehwise uye nezvinhu zvakadaro, uye yorega kubhadharwa semitero kuhurumende; uye ipapo vanouya vitora vaparidzi vovaendesa nemumatare kuti vawane mari shoma kubva kwavari. Ndinobvumirana nemi, chinhu chakaipisira. Zvino, hachisi. . . Munoziva, chinongova chimwe chinhu chaunowana. Maita henyu, hanzvadzi, hama, chero imi vabvunza izvozvo.

94. Zvino, heunoi uwu wakanaka. Mubvunzo: Pane nzvimbo dziri muBhaibheri dzakaita saSamuiri Wokutanga 18:10, inotaura kuti mweya wakaipa wakabva kuna Mwari wakaita zvinhu. Handisi kunzwisisa kuti “mweya wakaipa unobva kuna Mwari.” Ndapota zvitsanangurei.

⁸⁹ Zvakanaka, pamwe nerubatsiro rwaShe, ndinogona. Hazvisi kureva kuti Mwari Mweya wakaipa. Asi mweya wose wezvinhu zvose uri pasi paMwari. Uye Vanoita kuti zvinhu zvose zvizhande maererano nezvaVanoda. Maona?

⁹⁰ Zvino, pamubvunzo wenyu, muri kutaura pamusoro pemweya wakaipa wakabva kuna Mwari kunotambudza Sauro. Aiva muchimiro—chinhanu chekumudhura, nekuparara, nekuti, chekutanga, akanga adzokera kumashure. Zvino kana ukadzokera kumashure, mweya wakaipa—Mwari vanotendera mweya wakaipa kuti ukutambudze.

⁹¹ Ndinoda kukuverengerai chimwe chinhu mu—muchingvana. Ndine imwe pfungwa pamusoro pawo pano. Maona? Mweya wose wakaipa unofanira kuva pasi pesimba raMwari. Munorangarira here Jehoshafati naAhabhu pavaibuda kuenda kuhondo? Zvino chinhu chekutanga munoziva, pakanga paine—vakange vakagara pamasuwo. Zvino Jehoshafati akanga ari murume akarurama, uye akati (madzimambo maviri akagara ipapo, zvino vakabatanidza mauto avo pamwe chete) zvino saka akati, “Ngatibvunzei Ishe pamusoro pekuti tiende here kana kuti kwete.”

⁹² Zvino Ahabhu akaenda akanotora vaporofita mazana mana vaava navo, vose, akavaita kuti vagare vachipihwa zvokudya pamwe nezvinofutisa nezvose; vakange vari

muchimiro chakanaka. Zvino vakauya kumusoro ikoko, uye vose vakaporofita muhumwe, vakati, “Endai, uye Mwari vachakupai kukunda. Endai kuRamoti-gireadhi zvino ikoko Mwari vachatora chinhu chacho kuitira imi.” Mumwe wavo akazvigadzirira nyanga mbiri akatanga kumhanya achitenderera semuenzaniso, akati, “Nenyanga dzesimbi idzi, muchavasundidzira kubuda kunze kwenyika; ndeyenyu.”

⁹³ Asi munoziva, pane chimwe chinhu pamusoro pemunhu waMwari asingangobatikani nezvose izvozvo. Maona? Kana zvikasadairirana neRugwaro, pane chimwe chinhu chakatsveyama. Chero mutendi wese wechokwadi. . . Saka Jehoshafati akati, “Hongu, ava mazana mana ava vanotaridzika havo zvakanaka. Vanotaridzika sevanhu vakanaka.”

“Oo, vakatodaro,” pamwe Ahabhu akadaro.

Asi Jehoshafati akati, “Hamuna here mumwe zvakare?” Sei mumwezve imi muine mazana mana ari muhumwe? Nekuti akaziva kuti paiva nechimwe chinhu chakanga chisiri kunyatsonzwicka zvakanaka. Maona?

Akati, “Hongu, tine mumwe zvakare, mwanakomana waImura, kumusoro kuno,” akati, “asi ndakamuvenga.” Chokwadi. Muchavhara chechi yake chero nguva yamunokwanisa. Muchamudzinga kubva munyika. Maona? Chokwadi. “Ndakamuvenga.”

“Seiko muchimuvenga?”

“Anogara achiporofita zvakaipa pamusoro pangu.” Ndinotenda kuti Jehoshafati akabva aziva ipapo chaipo kuti paiva—nechimwe chinhu chakanga chisina kumira zvakanaka.

Saka akati, “Endai munotora Mikaya.”

Saka vakakwidza ndokumutevera, zvino heunoi achidzika zasi. . . Saka pavakakwira kumusoro, vakatumira nhume ikati, “Zvino, mira zvishoma. Zvino, vane maDhokotera efundo yeBhaibheri zasi homa. Ndivo vepamusoro-soro vari munyika, vane Ph, maLLD, nezvose.” Akati, “Zvino, unoziva, iwe murume anonzvisa tsitsi asina kudzidza, hausi kuzopesana nevafundisi vose ivavo.”

⁹⁴ Imura akataura izvi, kana ndinoreva kuti, Mikaya akataura izvi: “Handina chandinotaura kusvikira Mwari vachiisa mumuromo mangu, zvararo ndichataura chaizvo izvo zvaVanotaura.” Ndinozvifarira izvozvo. Ndinozvifarira izvozvo. Nemamwe mashoko, “Ndichamira neShoko.” Zvisinei kuti vamwe vose vakataura kuti chii. Akati, “Saka,” akati, “Ndiri kukuudza. Kana usingadi kurasirwa kunze, wototaura hako chinhu chimwe chetecho.”

Saka akadzika zasi ikoko. Zvino akati, “Ndoenda here ikoko?”

Akati, “Endererai mberi.” Akati, “Ndipei husiku huno. Regai ndimbotaaurirana naShe.” Ndinovifarira izvozvo. Saka husiku ihwohwo Ishe vakauya kwaari, zvino zuva raitevera akaendako. Uye akati, paaikwidza kumusoro, akati, “Endererai mberi; asi ndaona Israeri yakaita semakwai asina mufudzi, yakapararira pazvikomo.” Oo, ini zvangu! Zvakabva zvamupedza simba.

Zvino akati, “Handina here kukuudzai? Ndaizviziva. Ndizvo chaizvo zvaanogara achiita nguva dzose, kutaura chimwe chinhu chakaipa pamusoro pangu.”

⁹⁵ Sei? Akanga achigara neShoko. Sei? Muporofita aive kumashure kwake, Shoko raMwari richibva kuna Eria, muporofita chaiye, akati, “Nekuti wakadeura ropa raNabhoti asina mhaka, imbwa dzichanzva ropa rako zvakare.” Zvino akamuudza zvakaipa. Erisha akanga aenda kare Kudenga. Asi akaziva kuti Erisha aiva neShoko raMwari, saka akagara neShoko iroro. Ndinovifarira. Garai neShoko.

⁹⁶ Kana Bhaibheri rakati Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi; simba raKe richiri rimwe chete; Mweya Mutsvene ndewe chero ani naani anoda, ngaauye, gara neShoko. Hongu, changamire! Zvisinei kuti vamwe vose vanotii. Kutu vanodya zvakanaka sei uye kuti zvikoro zvingani zvavakapfuura nemazviri, izvozvo hazvinei nechekuita nazvo.

Saka zvino akati . . . Muchinda mukuru uyu ane nyanga dziri mumusoro make, achaisunda—nyika kubva pamberi pamambo, akauya kwaari akamuwatsura mbama pamuromo (muparidzi mudiki uyu). Aiziva kuti aingova muumburuki mutsvene mudiki saka pakanga pasina chinhu chaizotaurwa nezvazvo, saka akangomuwatsura mbama pamuromo. Akati, “Ndinoda kukubvunza chimwe chinhu.” Akati, “Mweya waMwari waenda nenzira ipi paWabuda mandiri kana iwe unaWo?”

⁹⁷ Akati, “Uchanzwisisa paunenge wakagara mukeji kunze uko senhapwa.” Akati, “Ndakaona Mwari vakagara pachigaro chohumambo (Ameni! Zvino teererai!), uye hondo yeKudenga yakanga igere yakaVakomberedza.” Chii changa chanetsa? Muporofita wavo akanga akataura kare zvakanga zvizachoitika kuna Ahabhu. Mwari . . . Akanga asiri Eria akazvitaura; akanga ari muporofita akazodzwa. Rakanga riri Shoko raShe, ZVANZI NAJEHOVHA. Zvino Mikaya akati, “Ndakaona hondo yose yeKudenga yakaungana igere yakakomberedza Mwari mumusanganano mukuru. Uye vaitaura mumwe kune mumwe. Zvino Ishe vakati, ‘Ndiani waTingawana kuti adzike zasi ndiani wenyu anogona kudzika zasi kunonyengera Ahabhu, kumuendesha kunze uko kunozadzisa Shoko raMwari, kunomuita kuti apfuurwe? Ndiani waTingawana kuti adzike zasi?’”

⁹⁸ Zvino, mumwe aitura kuti *uyu* kana kuti *uyo*. Zvino mushure mechinguva, mweya wakaipa, mweya wekunyepa

wakakwira uchibva zasi ukati, “Kana Mukangonditendera. Ndiri mweya unonyepa. Ndichadzika ndonopinda muvaparidzi vose ivavo, nekuti havana Mweya Mutsvene; uye ndichavaita kuti (vanongori vakomana vakadzidziswa kuchikoro)—zvino ndichadzika pasi, ndonopinda mune mumwe nemumwe wavo, ndovanyengera, uye ndovaita kuti vaporofite nhema.” Wakazvitaure here? Zvino wakati, “Ndiyo nzira yatichanyengera nayo.” Saka wakadzika pasi.

Vakati—Mwari vakati, “Une mvumo yaNgu yekuenda.”

⁹⁹ Zvino wakadzika ukanopinda muvaporofita ivavo venhema, shumiro yakadzidzirwa kuchikoro, ndokuvaita kuti vaporofite nhema. Wakanga uri mweya wekunyepa uchishandira mukuda kwaMwari. Regai ndi. . . Chimwe chinhu zvakare chamungaone pano, kwechinguvana. Tarisai izvi. Ndinoda kuti muvhure neni kuna Vakorinde Vekutanga chitsauko 5, ndima 1, kwechinguvana chete. Vakorinde Vekutanga. . . Zvino tarisai izvi kana muri kuda kuona chimwe chinhu, chaMwari achiita chimwe chinhu—kuti mweya iyoyo yakaipa, kuti icha—ichafamba. . . Zvakanaka, Pauro achitaura:

Zviri kutaurwa pachena kuti *hupombwe huri pakati penyu*, uye *hupombwe hwakadaro hwokuti hau. . . zivikanwi pakati peMarudzi. . .* (Munofungei nezvazvo pakati pechechi?) . . . *hwokuti mumwe anogara nemukadzi wababa vake.*

Uye *munozvikudza*, uye hamuna. . . (Ngationei. Ndinotenda kuti ndavhura mapeji maviri pane. . .) . . . Imi muri—Uye *munozvikudza*, uye panzvimbo yokunge *makachema, kuti. . .* (Zvino, mirai zvishoma pano. Ndiri here. . . Hongu, ndizvozvo. Hongu.) . . . *makachema. . .* (Ndizvozvo.) . . . *kuzvikudza*, uye musina kunge. . . *makachema, kuti uyo akabata izvi abviswe pakati penyu.*

¹⁰⁰ Handizivi. Handitendi kuti chero munhu angataura pane izvi kana kutapudza, asi ndiri kumiririra pane zvandinotenda: Kana munhu akazadzwa kamwe neMweya haagoni kurasikirwa naWo. Maona, maona?

Nokuti ini zvirokwazvo, kunyangwe ndisipiro nomuviri, asi ndiripo hangu nemweya, ndatotongesa kare, sekunge ndiripo, pamusoro peuyo wakaita chinhu ichi,

Muzita raShe wedu Jesu Kristu, makaungana pamwe chete, uye nomweya wangu, nesimba raShe Jesu Kristu,

Kuti munhu akadai aiswe kuna Satani kuti nyama iparadzwe, kuti mweya uponeswe pazuva raShe Jesu.

¹⁰¹ Mwari, vachiudza Chechi tsvene, inova Mutumbi waVo pano panyika, kuti (zvino, izvi zviri shure kweTestamende Yakare, mune Itsva) achiudza munhu akange akasviba kwazvo aine

tsvina pakati pevanhu zvokuti aigara nemukadzi wababa vake chaivo. Akati, “Chinhu chakadaro muMutumbi waKristu... Imi, Chechi, muisei kuna dhiyabhore kuitira kuparadzwa...” Maona? Mwari vanotendera... Kana Vaine chimwe chinhu chaVanoda kuona chaitwa, kuisa shamhu pane mumwe munhu, Vanoregedzera mweya wakaipa pavari kuitira kuti itambudze munhu iyeye ne—nekuvadzosa zvakare. Zvino, tinoona kuti murume uyu mushure... .

¹⁰² Ndiro dambudziko rine machechi nhasi. Kana munhu akauya muMutumbi waKristu akava mumwe wenhengo zvino akatanga kuita zvakai, panzvimbo yekuti imi mose muuye pamwe chete nekuita chinhu chimwe chetecho... Zvino imi, Branham Tabhanakeri, zviitei izvozvo. Nekuti kana makangomuchengeta chete, ari pasi peRopa. Zvino anongoramba achiita chinhu chimwe chete chakare achidzokorodza nekudzokorodza nekudzokorodza nguva dzose. Huyai pamwe chete mugomuisa kuna dhiyabhore kuitira kuti nyama iparadzwe, kuitira kuti mweya wake uri—sekuti—uponeswe pazuva raShe. Zvino tarisai shamhu yaMwari ichiuya. Tarisai dhiyabhore achimubata. Mweya wakaipa unomubata.

¹⁰³ Zvino mukomana uyu pano akagadzirisa. Akadzoka. Tinoona muna VaKorinde Vechipiri apo akanyatsozvichenesa pamberi paMwari.

¹⁰⁴ Tarisai Jobho, murume akakwana, murume akarurama. Zvino Mwari vakatendera dhiyabhore wakaipa kuti auye paari, agomuranga, nezvinhu zvose kuitira kuti mweya wake ukwaniswe. Maona? Saka mweya yakaipa ine... Mwari vanoshandisa mweya yakaipa nguva zhinji kuti ishanda pahurongwa hwaVo nekuda kwaVo.

95. Zvino, heunoi mumwe uri pano wakanyatsa kuoma. Mubvunzo (ndinofunga kuti munhu mumwe chete, nekuti rwunoita serunyororo rwumwe chete): **Kana munhu achifanira kuva neMweya Mutsvene kuti ave—kuva neMweya Mutsvene kuti ave akatendeuka uye apinde mukubvutwa, ko chinenge chakaita sei chinhano chevana vanenge vakafa vasati vasvika pamazera ekuzvidairira voga? Uye vachazomuka riinhi?**

¹⁰⁵ Zvino, hama yangu, hanzvadzi, handigoni kukuudzai izvozvo. Hapana Gwaro rezvazvo muBhaibheri radingawana kune imwe nzvimbo. Asi ndinogona kutaura pfungwa dzangu. Zvino, izvi zvinokusimbisai imi vanotenda munyasha dzaMwari. Munoono, munhu anoda kuziva (unova mubvunzo wakanaka kwazvo. Maona?) munhu wacho ari kuda kuziva kuti rumuko rwupi—chii chichaitika kumwana mucheche, kuti kana achizofanira kuva neMweya Mutsvene kuti apinde mukubvutwa... Sezvandataura, ndizvozvo. Ndizvo maererano neBhaibheri. Ndiko kudzidzisa kweRugwaro. Kwete kuti

kusaenda Kudenga... Nekuti vanhu vakazadzwa neMweya Mutsvene ndeve rumuko rwekutanga, Vasanangurwa. Uye vanosara veivavo... Vamwe vose vakafa havararami kwechiuru chemakore. Mushure meMireniyamu, kunozova nerumuko rwepiri, kutongwa kubva paChigaro Chichena chikuru. Maona? Ndiwo hurongwa chaihwo hweBhaibheri. Asi munhu uyu anoda kuziva kuti ko vana vacheche ava. Ivo... Nemamwe mashoko, vakange vaine Mweya Mutsvene here vasati vazvarwa? VakaUgamuchira here? Zvino, izvozvo handigoni kukuudzai.

¹⁰⁶ Asi zvino, ngatitaurei sekudai: Tinoziva kuti vacheche vanofa, zvisinei nevabereki vavo, vakaponeswa. Zvino, handiwirirane nemafungiro evaporofita pane izvozvo. Vakati kana akange—akafa aine mubereki akanga ari mutadzi, kuti mwana mucheche iyeye anoenda kugehena, owora; hakuzove nechimwe chezvake zvachose. Zvakanaka, Jesu... Johani akati pakauya Jesu, “Tarirai Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyika.” Kana mwana mucheche iyeye aiva munhu, uyo anofanira kuuya pasi pekutonga kwaMwari, zvino Jesu akafa kubvisa chivi, chivi chose chakabviswa pamberi paMwari apo Jesu akafira chinangwa ichocho. Zvivi zvako zvakaregererwa. Zvivi zvangu zvakaregererwa. Zvino nzira yoga yaunogona kuregererwa kugamuchira kuregerera kwaKe. Zvino, mwana mucheche haagani kugamuchira kuregererwa kwake, saka haana chinhu chaakamboita. Haana chinhu chaakamboita zvachose. Saka akasununguka zvachose kuenda Kudenga.

¹⁰⁷ Asi unoti, “Vanopinda here mukubvutwa?” Zvino—zvino, iri ishoko rangu pachezvangu; iyi ipfungwa yangu zvino. Regai... Handigoni kuzviratidza neBhaibheri. Asi tarisai. Kana Mwari, nheyo yenyika isati yavepo, vakaziva munhu wose aizova panyika... Munozvitenda here izvozvo? Vakaziva inda yose, nhata yose, nhunzi yose, Vakaziva zvinhu zvose zvaizova panyika. Kana Vakazviva izvozvo...

¹⁰⁸ Tarisai. Ngatitorei semuenzaniso, Mosesi. Mosesi paakaberekwa, aiva muporofita. Jeremia asati avapo... Mwari vakaudza Jeremia, “Usati watomboubwa mumimba yaamai vako, usati watomboubwa mumimba yavo, Ndakakuziva, ndikakuchenesa, nekukugadza muporofita kudzinyika.” Johani Mubhabhatidzi, makore mazana manomwe negumi nemaviri asati aberekwa, Isaya akamuona muchiratidzo, akati, “Ndiye izwi reuyo anodanidzira ari murenje.”

¹⁰⁹ Kufanotemera kana kufanoziva kwaMwari kunoziva zvose maererano nezvevana vacheche (maona?), zvavaizoita. Uye Vakaziva kuti vaizofa. Vakaziva. Hapana chinhu chinogona kuitika Mwari vasingazivi pamusoro pachu. Hapana chinhu chinoitika kune... Sezvakangoita Mufudzi Akanaka, kuti Anopinda sei... Zvino, kutora izvi neRugwaro, Handigoni kutaura kuti Rugwaro rwunoti *zvakati zvakati*. Ndiri kungozvitorawo sepfungwa yangu.

96. Zvino, mubvunzo unotevera ndeuyo wandinofunga kuti pamwe mumwe munhu akange ari zvandakataura pane humwe husiku. **Tsanangurai mudzimai anoponeswa kuburikidza nekubereka mwana.**

¹¹⁰ Mudzimai haaponeswi nekubereka mwana. Asi ngativhurei zvino kuna Timotio Wekutanga 2:8 kwechinguvana. Uye ngatimbotsvagei kuti Bhaibheri rinotaura kuti chii pamusoro pemwana. Zvino, ndinocherechedza kuti idzidziso yechiKatorike, iyo maKatorike anoti mudzimai anoponeswa mukubereka mwana, nekubereka mwana. Asi ngatiregei... Handizvitendi izvozvo. Timotio Wekutanga chitsauko 2, uye ngatitangirei pandima 8, tigoverenga kwechinguvana zvino. Zvakana, teererai.

Saizvozvowo, kuti vakadzi venyu vayemure pachavo nguvo dzakadzikama... (Hatifaniri kubvunza izvozvo, tingadaro here? Teererai kune izvi)... vano kunyara... (Fiyuu!)... nekudzikama; vasava nekurukwa kwebvudzi ravo, kana ndarama, kana maparera, kana nguvo dzinodya mari zhinji; (Hama, ndiri kukubatsirai pano, ndinotarira kudaro. Zvose izvi zvengowani itsva mazuva ose kana mazuva matatu. Muri kuona? Hazviratidzi kuva Makristu.)

Asi (sezvinofanira vakadzi vanopupura humwari) nemabasa akanaka.

Madzimai enyu ngaadzidze nokunyarara nokuzviisa pasi kwose.

Asi handitenderi mukadzi kuti adzidzise, kana kuti ave nesimba pamusoro... pemurume, asi kuva... akanyarara.

Nokuti Adhama ndiye akatanga kuumbwa, uye tevere Evha.

... Adhama haana kunyengerwa, asi mukadzi paakanyengerwa akawanikwa ari mukudarika.

Asi uchaponeswa nekubereka vana kana... (Zvino, haasi kutaura kumudzimai wemunyika, achiita vana)... kana akaramba ari mukutenda... (Maona? Kana akaenderera mberi. Akatogara... Ndiye mudzimai waari kutaura nezvake, mudzimai akatoponeswa kare. Maona?) ... nerudo nehutsvene pamwe chete nekudzikama kwose.

¹¹¹ Kwete nekuti aita mwana zvinomuita kuti aponeswe, asi nekuti ari kukudza vana, achiita basa rake, kwete kurera katsi, imbwa, nezvimwewo kuti zvitore nzvimbo yemwana, sezvavanoita nhasi, achiipa rudo rwaamai kuitira kuti agone kubuda achiita zvemafaro husiku hwose. Vamwe vanhu vanodaro. Ndine urombo, asi vanozviita. Zvakakwasharara

kwazvo kuti ndizvitaure, asi chokwadi ichokwadi. Maona? Havadi mwana mucheche nokuti vanozobatikana naye. Asi mukubereka vana, kana akaramba ari mukutenda, hutsvene, nekudzikama kwose, anoponeswa. Asi vana *kana* vari, uchaponeswawo zvakare, *kana* wakaberekwa patsva. Uchazo unogona kupodzwa *kana* ukatenda. Unogona kugamuchira Mweya Mutsvene *kana* ukaUtenda, Ugadzirire, *kana* ukaUgadzirira. Zvino achaponeswa kana akaramba achiita zvinhu izvi (maona?), asi kwete nekuti mudzimai. Saka zvakanaka, hama, hanzvadzi. Haisi dzidziso yechiKatorike zvachose. Zvino ndinoda. . . Pano pane mumwe unova wakaoma kwazvo. Zvino tine mumwe zvakare. Ndinofunga kuti pamwe tine nguva yawo. Ndagatora nguva yedu. Zvino, izvi zvinongova—izvi zvinongova izvo zvakazobuda murumutsiro. Izvi zvinova izvo zvakabuda mumisangano, mibvunzo iyi.

97. Zvino: Hama Branham (zvakaite zvekutaipwa), Rugwaro here kuti munhu ataure nendimi odudzira ndimi dzake pachake? Kana zviri izvo, ndapota tsanangurai. Vakorinde Vekutanga kana Vakorinde 14:19 uye zvakare Vakorinde 14:27.

¹¹² Zvakanaka, ngatiendei kuRugwaro irworwo tione zvarwunotaura. Uye zvakare tichaona kana tikazvichengeta zviri muMagwaro. Tinoda kuramba tiri muMagwaro. Zvino Vakorinde 14. Zvino, munhu uyu anoda kuziva kana zviri muMagwaro kuti munhu azvidudzirire shoko rake raataura nendimi. “Kana zvirizvo, tsanangurai Vakorinde 14:19.” Ngationei, 14 na19. Zvakanaka, hepanoi apa.

Asi mumachechi ndi. . . ndingataura mashoko mashanu nokunzwisia kwangu, kuti nenzwi rangu ndidzidzise vamwewo, pane zviuru gumi. . . mu. . . nedzimwe ndimi dzisingazivikanwe.

Zvino, inotevera indima 27, yavanoda kuziva.

Kana munhu achitaura norurimi rwusingazivikanwe, ngazviitve nevaviri, kana pa. . . varege kupfuura vatatu, vachiravana; nomumwe ngaadudzire.

¹¹³ Zvino, ndanzwisisa pari kuedza kusvikwa nemunhu uyu (apo pandiri kuda—ndichaverenga chimwe chinhu kwamuri muchinguva). Asi ndinofunga zviri kuda kuedza kutaurwa nehama kana hanzvadzi, “Zvakanaka here kuti munhu ari kutaura nendimi adudzirewo zvakare shoko raataura?” Zvino, shamwari inodikanwa, kana mukangoverenga ndima 13 muchitsauko chimwe chete, ichakuudzai:

Saka uyo anotaura nerurimi rwusingazivikanwe ngaanamate kuti akwanise kududzira.

¹¹⁴ Chokwadi. Anogona kududzira shoko rake. Zvino, kana tikango. . . Ngatingo. . . Saka, imi. . . Verengai zvose apa, uye

munogona kuona kuti Zviri...Chingoverengai chitsauko ichocho chose. Chakanaka kwazvo, chinovitsanangura.

¹¹⁵ Zvino, kutaura nendimi...Zvino, tichiri ipapo, zvino izvi zviri kuiswa patepi, ndinoda kutaura kuti ndinotenda zvakangofanana mukutaura nendimi sekutenda kwandinoita mukupodza kwaMwari, neru—rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kuuya kwechipiri kwaKristu, uye nesimba renyika ichazouya; Ndinongotenda mazviri sekutenda kwandinoita, asi ndinotenda kuti kutaura nendimi kune nzvimbo yako sezvakangoita kuuya kwaKristu kune nzvimbo yako; kupodza kwaMwari kune nzvimbo yako; chinhu chose chine nzvimbo yacho.

¹¹⁶ Zvino, kwamuri imi vanhu, ndine mukana wekutaura izvi zvino, uye ndinoda kuzvitsanangura. Zvino kana ndikarwadzisa mumwe munhu, handirevi kudaro. Handirevi kukonzera nyonganiso. Asi teererai. Dambudziko raivapo pakutaurwa kwendimi dzisingazivikanwi nevanhu vechiPentekosti (zvinova neniwo; ndiri muPentekosti. Maona?)...Zvino, rakanga riri dambudziko ndeiri: kuti havazviremekedzi. Uye chimwe chinhu, vanongozvisiya zvichiitwa nenzira yese-yese. Havadzoki kuShoko.

¹¹⁷ Zvino teererai. Heino nzira—regai—heino nzira iyo chechi yakamiswa. Zvino, muchechi yechiPentekosti, kana dai ndaifudza chechi ino, ndaizokuudzai kuti ndaizoimisa nenzira ipi (maona?), dai ndaiva—ndaizova pano nguva dzose kuti ndiifudze. Ndaizotsigira chipo chose chiri muBhaibheri. Ndauidza vatendi kuti vatange vabhabhatidzwa muMweya Mutsvene. Uye zvadaro, chipo chose cheVaKorinde Vekutanga 12 chingadai chiri kushanda muchechi mangu, kana ndaigona kuvaisa imomo, mutumbi wose uchishanda.

¹¹⁸ Zvino, kana mukacherechedza...Kwete kutaura zvino. Uye rangarirai, handingataure shoko rimwe rinopesana—ndinogona kumhura Mweya Mutsvene. Uye Mwari vanoziva kuti handingataure izvozvo zvisiri izvo. Maona? Asi ndiri kutaura izvi chete kuti ndiedze kukupai maonero eRugwaro mushure mekunge ndarinzvera zvino kwemakore angade kuita makumi maviri. Ndanga ndiri kuparidza kwemakore angada kusvika makumi matatu. Uye ndakambopfuura nemune zvinhu zvose, ndakangotsungirira; munogona kufungidzira zvazvaiva. Uye ndichitarisa munhu wose, nedzidziso yavo, pasi rose. Nekuzvitora nekuti ndine hanyin'a nazvo. Zvinodiwa nevanhu kunze kwangu. Ndinofanira kubva pano. Unofanira kuzobva pano. Kana ndikaenda semuporofita wenhema, ndicharasikirwa nemweya wangu uye morasikirwa newenyu pamwe neni. Saka zvinopfuurira—zvinopfuurira chingwa chemazuva ose; zvinopfuurira mukurumbira; zvinopfuurira chimwe chinhu chese hacho; hupenyu kwandiri. Maona? Zvino ndinoda kugara ndakaperera zvakadzamisa.

119 Zvino, ukapinda muchechi yechiPentekosti, chinhu chekutanga... (Handirevi vose. Vamwe vavo vari...) Nguva zhinji ukapinda muchechi wotanga kuparidza; apo uri kuparidza, mumwe munhu anosimuka otaura nendimi. Zvino, munhu mudikani iyeye anogona kunge akazadzwa zvakakwana neMweya Mutsvene, uye unogona kuva uri Mweya Mutsvene uri kutaura kuburikidza nemumunhu iyeye, asi zvazviri ndezvekuti, havana kudzidziswa. Kana shumiro ino papuratifomu iri pasi pekufemera ichitaura, mweya wevaporofita uri pasi pemuporofita. Maona? “Zvinhu zvose ngazviitwe...” Zvino, svikai pano kuna Pauro kuti sei achitaura kudaro kuti “kana mumwe ataura,” nezvimwe zvakadaro... “paakauya, paingova nenyonganyonga.”

120 Zvino, ndanga ndiri kudana vanhu kuartari, zvino mumwe munhu osimuka ndokutaura nendimi. Zvinongo... Saka, zviri nani kutongobva waregedza zvekudana vanhu kuartari. Zvinoimisa. Maona?

121 Uyezve, chimwe chinhu. Nguva zhinji vanhu vanosimuka votaura nendimi, uye vanhu vanogara vachitsenga chingamu, vachitarisa kwese-kwese. Kana Mwari vari kutaura, ramba wakanyarara, teerera! Kana chiri Chokwadi, kana uri Mweya Mutsvene uri kutaura mumunhu iyeye, iwe gara wakanyarara woteerera, iva neruremekedzo. Dudziro inogona kuuya kwauri. Maona? Gara wakanyarara; teerera dudziro. Zvino, kana pasina mududziri muchechi, zvino vanofanirwa kunyarara muMutumbi.

122 Uye zvakare, kana vakataura nendimi isingazivikanwi, Bhaibheri rinoti, ngavataure kwavari vega uye nekuna Mwari. Uyo anotaura nendimi dzisingazivikanwi anozvisimudzira. Zvino, ndidzo ndimi dzisingazivikanwi; mitauro, mitauro yakasiyana. “Hapana zviripo,” anodaro... Asi icho chinoita ruzha chine zvachinoreva. Asi imi... Kana hwamanda yarira, unofanira kuziva kuti inorira sei (... chingoiridza) kana kuti hauzove kuti unozvigadzirira sei kuhondo. Kana munhu ari kutaura nendimi, achingo “rira”; ndizvo zvoga zvazviri, ndiani angaziva zvokuita. Asi kana ikarira *nemuririro wekumutsa*, zvinoreva kuti “muka!” Kana ikaita kamuririro *kekugogodza*, zvinoreva kuti “rara pasi.” Maona? Kana ikarira *nemuririro wekurwa* zvinoreva kuti “rwiwa.” Inofanira kuva nezvainoreva, uye kwete kungotaura kwoga. Saka muchechi, kana musina mududziri, asi kuti mune mududziri, ipapo ndimi ndidzo dzinozova dzemuchechi.

123 Zvino, kumubvunzo wenyu, shamwari inodikanwa, unoti, “Ndingasva ndataura zviuru zvishanu... mashoko mashanu nemu, uye kuitira kuti vanhu vandinzwisise pane zviuru zvishanu (chero mamwe ayo ainotaura) mundimi isingazivikanwi.” Ichokwadi. Asi verengai muchidzika:

“...kunze kwekunge zviri nechizaruro kana nedudziro kuti zvisimudzire.” Maona? Kusimudzira.

¹²⁴ Zvino, ndichangoita sekukupai mafungiro madiki ko kana—ko...Kana dai ndaizofudza chechi ino iri kuuya, kana Mwari vaizondidana kuti ndiifudze, heino nzira yandaizoifambisa nayo: Ndaiedza kutsvaga munhu wese imomo ane chipo. Zvino ndaizoti vanhu ivavo vasangane kweingaita awa shumiro dzisati dzambotanga, vari mukamuri pachavo. Ndovasiya vakagara pasi peMweya. Uye chinhu chekutanga munoziva, mumwe anouya, ane chipo chekutura nendimi. Zvino anotaura nendimi. Munhu wese ogara akanyarara. Zvino zvadaro mumwe anosimuka odudzira zvaataura. Zvino, izvozvo zvisati zvapihwa kuchechi, Bhaibheri rinoti zvinofanira kuongororwa pakati pezvapupu zviviri kana zvitatu. Zvino, ndiye munhu ane kunzvera kwemweya (maona?), nekuti nguva zhinji masimba akaipa anopinda imomo. (Maona?) Pauro akataura nezvazvo. Asiwo zvakare, simba raMwari riri imomowo zvakare. Ndiudzei ungoro isina chakaipa chinogaramo. Ndiudzei ndepapi panounganwa pamwe chete nevanakomana vaMwari pasina Satani pakati pavo. Zvino va zvo. Saka musafinyamire izvozvo. Maona? Satani ari kwese-kwese. Zvino, hezvinoi tiri pano. Mumwe munhu anotaura nendimi. Zvino, pane vatatu vakagara ipapo vane Mweya wekunzvera. Zvino mumwe anotaura nendimi zvino opa shoko. Zvino, hakungazovi kungotaura Rugwaro, nekuti Mwari havashandisi kudzorora kusina maturo, uye Vakatiudza kuti tisazviite. Maona? Saka hazvisi izvozvo. Ishoko kuchechi.

¹²⁵ Takava nezvinhu zviviri murumutsiro rwuno pari zvino. Tarisai zvakanga zviri chimwe nechimwe chazvo—chakakwana, chakananga chaipo. Maona? Ndokupinda. Mumwe murume akasimuka, akataura nendimi, ndokupa dudziro, akadzoka zvakare, uye akasimbisa shoko iroro ranga richangobva kutaurwa. Mumwe akasimuka humwe husiku, akataura mune—ari pasi pekufemera kwechiporofita, akataura chimwe chinhu, asingazivi zvaaitaura; uye zvadaro kwekupedzisira akataura kuti, “Akaropafadzwa uyo anouya muZita raShe.” Nekukurumidza chimwe chinhu chakandibata nekukurumidza chaiko chikati, “Neimwe nzira akaropafadzwa uyo anotenda kuti ava ndiShe vauya.”

¹²⁶ Munoono kusanga—ndokubva Mweya Mutsvene wadonha muchivakwa husiku hwapfuura. Maona? Ndezve kusimudzira. Ndakange ndakamira ipapo ndichiedza kuudza vanhu kuti vanofanira kugamuchira Mweya Mutsvene. Zvino dhiyabhore akanga apinda pakati pevanhu, achiti, “Musateerere; garai makanyarara.”

Hanzvadzi yangu yakati, “Bill, ndanga ndiri kufara kwazvo pawanga uchiparidza; ndanzwa kunge ndaigona kusimuka ndichisvetuka nemumadziro.”

Ndikati, “Simuka usvetuke.” Ndizvo zvoga.

Zvino akati, “Asi pawatanga kuita izvozvo,” zvino akati, “vanhu vatanga kudandzira,” akati, “ndabva ndangonzwa sekuba chinhu chakare chisina basa.”

¹²⁷ Ndikati, “Ndidhiyabhore. NdiSatani. Paanopinda kuzoita izvozvo,” ndakati, “unofanira kusimuka zvakadaro.” Tiri vaprisita kuna Mwari, vanoita chipiriso—chipiriso chepamweya, zvibereko zve miromo yedu tichipa rumbidzo kuZita raVo. Maona?

¹²⁸ Zvino, zvino, hezvinoi zvakaitika. Zvino Mweya Mutsvene wakadzika, nekuti izvozvo zvaingova... “Akaropafadzwa uyo anotenda.” Husiku huviri, hutatu hwakatevedzana ndakaedza kuzviisa imomo; uye zvadaro, Mweya Mutsvene wakataura uye ukati (pasi pekufemera) ukati, “Akaropafadzwa uyo anouya muZita raShe.” Zvino ndisati ndataura chero chinhu, ndakanga ndatozvitaure kare. “Akaropafadzwa uyo anotenda kuti Ishe vauya mune izvi.” Muri kuona? Zvino ndanga ndichangobva kutaura izvi, Mweya Mutsvene ndiMwari pachaVo mauri. Maona? Zvino vainge vazvibata. Maona? Uye ipapo Mweya Mutsvene wakadonha pakati pevanhu. Munoono here kuti U—Unosimudzira sei, chiporofita?

¹²⁹ Zvino, pane mutsauko pakati pechiporofita nemuporofita. Chiporofita chinobva pane mumwe chichienda pane mumwe, asi muporofita anoberekwa kubva muhucheche ari muporofita. Vane ZVANZI NAJEHOVHA! Hakuna zvokuvaongorora kwavari. Hamuvaoni vachimira pamberi paIsaya, kana Jeremia, chero mumwe vevaporofita ivavo, nekuti vakanga vaine ZVANZI NAJEHOVHA! Asi mweya wechiporofita uri pakati pevanhu; unotofanira kuutarisa, nekuti Satani anoverevedza imomo. Maona? Zvino. Asi dzinofanira kuongororwa.

¹³⁰ Zvino, ticha—tichaita rumutsiriro. Zvino, tarisai izvi nepedyo chaipo zvino, imi vashumiri. Tiri kugadzirira rumutsiriro. Zvakanaka. Kana kuti pamwe tiri kungoita shumiro yechechi yamazuva ose. Chechi iri kubvira moto. Inofanira kugara yakadaro nguva dzose. Saka, pamwe tine vanhu vashanu kana vatanhatu vane zvipo; mumwe anotaura nendimi, vaviri kana vatatu pamwe vanotaura nendimi, vana kana vashanu nendimi, vane chipo chendimi, vachitaura nendimi dzisingazivikanwi. Vaviri kana vatatu vavo vachigona kududzira. Pamwe pane mumwe—vaviri, kana vatatu vavo vane zvipo zvehuchenjeri. Zvakanaka. Vose vanosangana, vanhu ivavo vane zvipo...Imi...Zvipo izvozvo zvakapihwa kwamuri kwete kuti mutambe nazvo, kwete kutaura kuti, “Mbiri kuna Mwari, ndinotaura nendimi! Hareruya!” Ucha—uri—uri kuzviredza pachako. Izvo, zvakapihwa kwamuri kuti mushande nazvo. Zvino chikamu chenyu muchechi chinofanira

kuuya shumiro huru isati yatanga, nekuti vasina kudzidza vachange vari pakati pedu.

¹³¹ Zvino munobva mapinda mukamuri, mogara imomo, imi vanhu pamwe chete, nekuti munoshanda pamwe chete muVhangeri. Zvino munogara imomo. “Ishe, pane here chimwe chinhu chaMunoda kuti tizive husiku huno? Taurai nesu, oo, Baba vekudenga,” muchiisa munamato, zvikumbiro; moimba nziyo. Pakarepo Mweya unobva wadzika, wodonhera pane mumwe munhu, otaura nendimi. Mumwe anosimuka zvino oti, “ZVANZI NAJEHOVHA.” Chii ichocho? Teererai. “Enda unoudza Hama Jones kuti vabve panzvimbo yavari kugara, nekuti mangwana masikati pachava nedutu guru richatsvaira nyika iyoyo; uye richatora imba yavo. Ngavatore zvinhu zvavo vabve ipapo!”

¹³² Zvino, zvi—zvinoita sezvakanaka. Asi mirai zvishoma. Panofanira kuva nevarume vatatu ipapo vane Mweya wekunzvera. Mumwe wavo anoti, “Zvanga zviri zvaShe.” Mumwewo oti, “Zvanga zviri zvaShe.” Vaviri kubva muvatatu—zvapupu zviviri kana zvitatu. Zvakanaka. Vanozvinyora pachidimbu chebepa. Ndizvo zvataurwa neMweya. Zvakanaka. Vanodzokera mumunamato zvakare, vachitenda Ishe.

¹³³ Mushure mechinguva, “ZVANZI NAJEHOVHA (muporofita anosimuka) ZVANZI NAJEHOVHA, husiku huno, kubva kuNew York City kuchava nemudzimai; ari panhowo; achapinda muchivakwa ari panhowo. Akamonera sikavha yegirinhi munusoro make. Ave kufa nekenza. Zvakakonzero kuti ave zvaari, Ishe vakamutsamwira—imwe nguva akaba mari kubva muChechi yaVo paakange aine makore gumi namatanhatu ekuberekwa. Udza Hama Branham kuti vamuudze zvinhu izvi. ZVANZI NAJEHOVHA, kana akazvigadzirisira, achapodzwa.” Mirai zvishoma. Zvinoita sezvakanakisa kwazvo, asi mirai zvishoma. Uchaisa here zita rako pabepa iri, munzveri? Uchaisa zita rako here?

¹³⁴ “Zvanga zviri zvaShe.” Mumwe oti, “Zvanga zviri zvaShe.” Ipapo—ipapo munozvinyora pasi, “ZVANZI NAJEHOVHA, husiku huno pachava nemudzimai achapinda muno, chimwe chinhu *chakati-chikati*.” Uyo anonzvera mweya, vaviri kana vatatu vavo vanosaina mazita avo pariri. Mashoko ose aya apihwa. Zvakanaka.

¹³⁵ Zvino mushure mechinguva vanotanga kunzwa bhero richirira. Chechi inenge yatanga. Zvino vanounza mashoko aya, voaisa pano padhesiki. Pano chaipo ndipo paanofanira kugadzikwa. Ndiri kune imwe nzvimbo ndichinzvera, ndichinamata. Mushure mechinguva ndinobuda mushure mekunge nziyo dzaimbwa. Chechi yose iri muhurongwa, vanhu vachiuuya, vachigara, vari mukufunga kwakadzama, vachinamata; ndizvo zvamunofanira kuita. Kwete kuuya

kuchechi motaura mumwe kune mumwe, huyai kuchechi kuzotaura naMwari. Itai yanano yenyu kunze uko. Maona? Tiri kuyanana naMwari zvino. Zvino tinouya pano tichitaura, zvose chinyararire, tichiremekedza, Mweya uchifamba. Muridzi wepiyano anouya papiyano maminiti angaita mashanu shumiro yekuimba isati yatanga, otanga zvinotapira chaizvo:

Zasi pamuchinjikwa pakafira Muponesi
wangu,
Zasi ikoko kucheneswa kubva muchivi
ndakachemera, . . .

Kana rumwe rwiyo rwakanaka rwunotapira, rwakanyorovera chaizvo. Zvinounza Hupo hweMweya Mutsvene mumusangano. Maona? Zvakanaka.

¹³⁶ Vanhu vakagara ipapo. Vamwe vavo vanova chaizvo—vanotanga kuchema vachiyaya kuartari, kuzotendeuka shumiro isati yatombotanga. Mweya Mutsvene uripo. Maona? Chechi iri mumarwadzo. Makristu ari kunamata; vagara panzvimbo dzavo. Havana kugara ipapo vachitsenga chingamu, vachiti, “Iwe, Liddie, ndipewo imwe yependi yako yepamuromo; ndinoda . . . Munoziva. Munoziva. Ndinoda . . . Unoziva, rimwe zuva pandaive zasi uko ndichitenga, ndinokuudza, ndakapotsa ndakutsika zvigunwe zvako. Ndakambozviona here zvakadaro . . . Unofungei pamusoro pazvo?” Oo, nhai vedu! Zvino moidana kuti imba yaMwari. Handiti, zvinonyadzisa. Mutumbi waKristu uchiuya pamwe chete. Hapo patigere.

Murume akagara parutivi, “Nhai, unoziva patakaenda uko, uyu *nhingi-nhingi nanhingi-nhingi-nanhingi* . . .” Zvakanaka kuri kunze, asi mukati muno mumba maMwari.

¹³⁷ Pindai muchinamata; torai nzvimbo dzenyu. Ndiri kutaura zvino, kwete kumachechi enyu, hama. Handizivi zvamunoita; ndiri kutaura kutabhanakeri ino. Ndiri kutaura nevangu vemumusha. Maona? Ndizvozvo chaizvo.

¹³⁸ Zvino, pamunopinda saizvozvo, ipapo chinhu chekutanga munoziva, mufudzi anobuda. Ane chizoro. Haafaniri kunge achipindura *ichi, icho, nechimwewo*. Ari kubva chaimo-chaimo mu—muhunyoro hweshumiro yake. Anga ari pasi pesimba reMweya Mutsvene. Anofamba achipinda umo chaimo makaungana dzimwe ndimi dzemoto dziri pamwe chete. Wava potse shongwe zvino (maona?), uri kufamba-famba. Anobuda achiuya pano, onhonga izvi. “Shoko rinobva muchechi: ‘ZVANZI NAJEHOVHA, Hama Jones vabve pamba pavo. Mangwana masikati natwo o’clock dutu guru richatsvaira nzvimbo yavo. Vatore zvinhu zvavo vabve ipapo.’” Hama Jones vanozvitambira. Zvakanaka. Zvakanyorwa pasi. “ZVANZI NAJEHOVHA, pachava nemudzimai ane zita rekuti *Nhingi-nhingi* achauya muno husiku huno, uye zvakanga—akaita *zvakati-nezvakati*.” (Sezvandangobva kutaura, maona, saizvozvo.) Zvakanaka,

zvakaigara ipapo. Ndizvozvo. Vatowana nzvimbo yavo zvino muchechi. Zvakana.

¹³⁹ Zvino anotora shoko. Zvino chekutanga munoziva, anotanga kuparidza. Hapana chinofanira kukanganisa; zvatoitika kare. Zvino, tava kupfuurira mberi, tinoparidza mharidzo.

¹⁴⁰ Zvino mushure mechinguva chi... Chinhu chekutanga munoziva apo mharidzo yapera, mutsara wekunamatira varwere unotanga. Heunoi mudzimai anouya. Mumwe munhu ataura nendimi akati ari kuuya. Maona? Mumwe nemumwe wedu anoziva zviri kuda kuitika. Mumwe nemumwe wedu anozviva. Onai kuti kutenda kunotanga kusimuka sei naidzo ndimi dzemoto dzakamira pamusoro penyuru zvino. Unotanga kuungana pamwe chete. Sei, ibasa rakatopera kare; ndizvo zvoga.

Mudzimai iyeye... ndichati, “Mai *Nhingi-nhingi*, vekuNew York City, vakagara pano...” Maona?

“Oo, ndizvozvo. Ko mazviva sei?”

“Ishoko rabva kunaShe kuchechi. Pamaiva nemakore gumi nematanhatu ekuberekwa, makanga musiri here pane nzvimbo *yakati-yakati* mukaita—makatora mari muchechi, mukaiba, uye mukabuda, mukantenga hembe itsva nayo?”

“Oo, ndizvozvo. Ndizvozvo.”

“Ndizvozvo chaizvo zvataudzwa naMwari husiku huno kuburikidza naHama *Nhingi-nhingi*, vataura nendimi; Hama *Nhingi-nhingi* vadudzira; Hama *Nhingi-nhingi* pano vati, pakunzvera, vati zvabva kunaShe. Uye ichokwadi.”

“Hongu!”

“Saka, ZVANZI NAJEHOVHA, endai munozvigadzirisa, uye munopora kenza penyuru.”

¹⁴¹ Hama Jones vanoenda kumba, vatora ngoro, voisweddedza pedyo, vatora midziyo yavo, voenda vachibva ipapo. Natwo o'clock mangwana masikati: Vakomanaka! zvose zvinowondomoka pasi. Maona? Zvino chechi inorumbidza... “Maita henyu, Ishe Jesu, nekunaka kweNyu.” Zvino, ndozvazviri, kusimudzira, kune chechi.

¹⁴² Zvino, ko kana zvikasaitika mushure mekunge vazvitaure? Ipapo mune mweya wakaipa pakati penyuru. Hamudi chinhu ichocho chakaipa. Ko munodirei chinhu chakaipa iwo ma—matenga akazara nezvePentekosti zvechokwadi? Musatore chinotsivanisa chakare chinobva kuna dhiyahore. Torai chinhu chamazvirokwazvo. Mwari vanacho chenyu. Zvino musava nemimwe misangano zvakare, uye nekuisa chero chimwe chinhu pamusoro pano, kusvika Mwari vagara vatotsigira kuti zvamuri kuita ndizvozvo chaizvo, nekuti uri mubatsiri kuchechi mukushanda kweVhangeri. Zvino, mazvinzwisisa zvazviri here?

143 Zvino ndimi, ndimi dzisingazivikanwi... Hakuna munhu uyo—anoziva zvaari kutaura nezvazvo. Anotaura; asi ruzha rwoga-rwoga rwune zvarwunoreva. Zvine zvazvinoreva [Hama Branham vanoombera maoko avo—Mupepeti] “Gluck, gluck, gluck!” Izvozvo zvine—izvozvo—izvozvo mutauro kune imwe nzvimbo.

144 Pandaiva kuAfrica, handina kumbobvira ndakazvitenda, asi chinhu chose chaita ruzha chaiva nezvimwe zvachinoreva kwachiri. Bhaibheri rinoti hapana ruzha rwusina zvarwunomirira, rwusina zvarwunoreva. Ruzha rwose rwunoitwa rwune zvimwe zvarwunoreva kune chimwe chinhu. Nhai, ndainzwa vanhu vachiti... Ndaiti, “Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari.”

145 Mumwe wavo aitanga [Hama Branham vanoita ruzha rwemududziri wekuAfrica—Mupepeti]. Mumwewo oti [Hama Branham vanoratidza zvakare.]. Zvino izvozvo zvaiva, “Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari.” Maona? Rwaiva ne... Uye rwaisareva chimwe chinhu kwandiri, asi kwavari rwaiva mutauro wakangofanana nekutaura kwandiri kuita nemi. Apo mududziri weZulu, Xhosa, Basuto, nevamwe vakasiyana-siyana, pavaidudzira, zvose hazvo zvaiva zvataurwa, munhu wose akanzwisisa. Uye zvinhu izvi zvamunonzwa vanhu ava vachingotaura zvisinganzwisisiki, mofunga kuti kungowawata kwakawanda, hakusi; kune zvakunoreva. Saka tinofanira kuzviremekedza, tozviisa munzvimbo yavzo.

146 Zvino, pamwe hapana kuva neshoko. Zvino, shumiro yapera; kudana vanhu kuartari kwaitwa. Zvino mushure mechinguva mumwe munhu (panga pasina shoko rabva seri uko) mumwe munhu anosimuka paanongowana mukana wekudaro. Mweya Mutsvene... Zvino, Bhaibheri rakati, “Kana pasina mududziri, ngaanyarare.” Zvisinei kuti anoedza kuta kutaura zvakanyanya sei, nyarara.

147 Unoti, “Handigoni kuzviita.” Bhaibheri rakati unogona. Maona? Saka zva—zvatopera zvakadaro. Maona? Ngaanyarare.

148 Zvino, kana iwo, mukana wauya apo zvinhu zvose zviru muhurongwa, zvino kana Mweya Mutsvene wasvetukira paari kuti ape shoko, ipapo ngaaripe. Ndizvozvo chaizvo zvaunofanira kuita. Zvino dudziro youya, ichiti, “Pane mudzimai ari muno ane zita rekuti Sally Jones (ndinovimba kuti mudzimai iyeye haasi muno ane zita iroro, asi...) Sally Jones. (Maona?) Muudzei kuti ndiwo husiku hwekupedzisira hwekudanwa kwake. Ngaazvigadzirisira naMwari nekuti ane nguva pfupi ari pano.” Zvino, Sally Jones anomhanya kuartari nekukurumidza kwaangagona kusvika ikoko (maona?), nekuti ndiko kudanwa kwake kwekupedzisira. Maona? Ndiko kupa shoko, kana kusimbisa, kana chimwe chinhu.

¹⁴⁹ Ndiyo chechi yechiPentekosti iri kushanda. Hapana mukana wekuti mweya yakaipa iverevedze ichipinda, nekuti zvagara... Bhaibheri rinopa nemazvo, “Ngazvive vachiravana, uye nevatau; uye vaviri kana kudarika ngavaongorore.” Ndiyo chechi. Asi takazviwana kupi nhasi uno? Kusvetuka, nekuenderera, tichiseka nekupfuurira mberi mumwe munhu achiri kultura nendimi; mumwe achitarisa, achitaura pamusoro pechimwe chinhu nekungozara panzvimbo; mufundisi achiita chimwe chinhu; kana mumwe munhu achingofambafamba muvanhu. Saka, hazvina kunaka. Pamwe mufundisi achiparidza, zvino mumwe munhu osimuka achimuvhiringa mune... Pamwe ari kuverenga Bhaibheri zvino mumwe munhu... Achiverenga Bhaibheri, zvino mumwe munhu kumashure uko achitaura nendimi. Oo, kwete! Maona? Muparidzi ari kuparidza papurupiti, mumwe munhu osimuka achimuvhiringa, achitaura nendimi. Zvakanaka. Handitaura kuti hausi Mweya Mutsvene, asi munofanira kuziva kuti munoshandisa sei Mweya Mutsvene (maona?), kuUshandisa.

Zvino, ndi—ndiri kutora... Muchine mukana here wemumweze? Zvino, mangwana iSvondo. Zvino, ticha... Ngatingo... Heunoi mumwe. Ndinofunga kuti ndiwo wakanyanyisa kunaka. Uye zvino, kana imi mose mukangotsungirira neni kwemamwe maminiti mashoma, ndapota. Uye zvararo, ndicha... ndinoda kuti imi—ndinoda kuti imi mubate izvi. Ndachengetera uwu nechinangwa. Uyu ndiwo wangu wekupedzisira.

Zvino, chekutanga, ndichaverenga zvinhu zviviri zvabvunzwa nemunhu uyu. Zviri pachidimbu chebepa rakare, zvakanyorwa nerunyoru rwakanaka. Handisi kuziva kuti ndiani, hapana zita rakasainwa kune—kune chero wawo.

98. Hama Branham, zvakanaka here kuti vashumiri vagombedzere zvakanyanya vanhu kuti vape mari mumisangano yavo, vachitaura kuti Mwari vavaudza kuti vakawanda zvakati vari muungano vari kufanira kupa mari yakadai? Kana izvi zvakanaka, ndinoda kuziva. Kana zvisina kunaka, ndinoda kuziva. Zvandikanganisa zvakanyanya.

¹⁵⁰ Zvino, unoona, shamwari, ndiri kuda kukuudza, ndiri kuda kukuudza zvandinofunga. Munooona? Zvino, hazvirevi kuti ndizvo. Ndinofunga kuti zvakaipa kwazvo.

¹⁵¹ Zvino, ndinofunga izvi. Mwari vakandituma kunzvimbo dzekuvhangera. Ndakaona nguva yandakaita sekunge ndapererwa... Uye nda—ndakanga ndisina mari zvachose. Zvino ndaiti, “Chingofambisai ndiro yemupiro.”

Zvino maneja aiuya kwandiri oti, “Tarisa, Billy, tine chikwereti zviuru zvishanu zvamadhora husiku huno, Vakomana. Une mari here kuJeffersonville yekuchibhadhara?”

¹⁵² Ndaiti, “Zvakanaka. Mwari vandituma pano, kana kuti handaizouya. (Maona?) Chingofambisai ndiro yemupiro.”

Zvino musangano usati wapera, mumwe munhu anoti, “Munoziva, Ishe vazviisa pamoyo pangu kuti ndipe madhora zviuru zvishanu pane izvi.” Maona, maona? Chekutanga, tungamirwa kuzviita.

¹⁵³ Handitendi mukugombedzera, nekukumbira, nekupemha mari. Ndinofunga kuti chinhu chisina kunaka. Zvino, hama, kana muchizviita, musaite kuti ndikutsamwisei. Maona? Munogona kuva nemvumo kubva kuna Mwari kuzviita. Asi ndiri kuzvita urira ini pachangu. Handitende mazviri.

¹⁵⁴ Zvino, ndakatoziva vashumiri vaienda vachiti... Ndakamirapo, kasiri kare... Zvino, ava havasi maPentekosti, ava nde... Zvino, machechi (maona?), mamwe machechi. Wakange uri musangano mukuru wekunze. Gertie, wanga uineni, nevamwe vakawanda vari pano. Zvino vakatora masikati ose pane rimwe sangano rine mukurumbira—maviri kana matatu awo pamwe chete (ndiwo machechi emazuva ose chaiwo, sezvakaite machechi edu echizvino-zvino muno muguta, nemamwe akadaro) pakonivhenisheni huru—zvino vakatora masikati ose, vakamira papuratifomu—vachityisidzira kuti Mwari vaizoparadza zvirimwa zvavo, vaizopa vana vavo poriyu, nezvinhu zvokadaro, kana vasina chavaisa mumusangano iwoyo. Ndi cho chakwadi chaicho, neBhaibheri iri pamberi pangu. Ndakati, “Kumhura Mwari nevateveri vaVo.” Kana Mwari vakakutuma, Vachakuchengeta. Kana Vasina kukutuma, saka rega sangano rikuchengete ipapo. Asi—asi iwe... Kana Mwari vakakutuma, Vanokuchengeta.

99. Ko mutambo weKisimusi muchechi yeMweya Mutsvene?

¹⁵⁵ Zvino, kana uri pamusoro paKristu, zvinogona kuva zvakanaka. Asi kana uri zvaSanta Claus, handitendi maari. Nda—ndakabva kare—ndakabva pazviri kare. Handitendi muna Santa Claus zvachose. Maona? Uye zvimwe zvezvinhu zvidiki zveKisimusi zvavainazvo, ndinofunga kuti hazvina musoro. Uye... Asi ndinofunga kuti vakabvisa Kristu wose kubva muKisimusi vakaisa Santa Claus mairi.

¹⁵⁶ Zvino Santa Claus inyaya yengano. (Handisi kukanganisa kana mamwe emanzwiro enyu, ndinotarira kudaro, pamusoro pevana.) Asi ndinokuudzai. Pano kasiri kare, angaita makore makumi maviri nemashanu, makumi matatu akapfuura, apo mumwe mushumiri muno muguta rino, mufudzi we—weimwe chechi huru muno muguta, wandaiziva zvakananyisa, shamwari yangu yepamoyo, akafamba achiuya kwandiri. Zvino Charlie Bohannon (Hama Mike, munorangarira here Charlie Bohannon, shamwari yangu yakanaka)... Ndokugara muhofisi make imomo akati, “Handimbofi ndakaudza vana vangu kana vazukuru vangu kuti vaudzwe nhema iyoyo zvachose.” Akati,

“Mukomana wangu ini mudiki akauya kwandiri mushure mekunge ava nemakore angaite gumi namaviri, zvino achitaura nezvaSanta Claus...” Zvino iye, akati, “Handiti...Mudiwa, ndine chimwe chinhu chekukuudzai,” Akati, “Amai...” Munoziva, ndokuenderera mberi kumuudza zvaakaita.

Zvino mushure mekunge adzoka, akati, “Saka, Baba, Jesu uyu ndicho chinhu chimwe chetecho here?”

¹⁵⁷ Taurai chokwadi. Santa Claus ingano yechiKatorike yemumwe muchinda, Kriss Kringle kana kuti Mutsvene Nicholas, mumwe mutsvene muJerimani wakare muKatorike wemakore akawanda akapfuura uyo aitenderera achiita zvakana kana kuvana. Zvino vakadzika nayo mumazera setika. Asi Jesu Kristu ndiye Mwanakomana waMwari. Iye ndewemazvirokwazvo, uye Anorarama.

Zvino, heuno mubvunzo, wekupedzisira, unova wakanyanya...

¹⁵⁸ Zvino tarisai. Munogona kupesana neni pauri. Asi kana uchipesana neni, rangarira, ngazvive muhushamwari, ungararo here? Ndinokudai, uye handidi kuti—handidi kuti ndikurwadzisei. Ndiri kungo, ndiri kuda kuva ndakatendeka. Kana ndikasagona...kana ndikaudza mukomana wangu nhema, zvino ndiri munyepi. Maona? Ndinoda kumuudza chokwadi.

¹⁵⁹ Zvino, ndikamuudza nezvaSanta Claus, ndinoti, “Hongu, chokwadi, kuna Santa Claus. Tarisa Baba pahusiku hweKisimusi.” Maona? Hongu.

¹⁶⁰ Munoziva, rimwe zuva ndaive zasi uko, uye ndakazviyedza pane kamwe kamusikana kadiki kuti ndingoono. Ndinoziva ndakanyatsopiwa chaizvo marimwezuro. Ndaiva muchivakwa. Zvino vakanga vakamira ipapo, zasi kuno kwaQuaker Maid. Zvino ndakaenda zasi ikoko kuti nditenge girosari. Zvino saka isu, mudzimai neni, taive imomo. Zvino maiva nekamusikana kadiki-diki, kakanga kasina kupfuura ingaita mwedzi gumi nemisere yekuberekwa, uye kaiva kakamira ipapo, hako, kachiimba, “Dingle Bells, Dingle Bells...” Zvino ndakati... Kari panoiswa vana, munoziva, kagere kumashure kwetirori diki.

Ndikati, “Uri kutsvaga Santa Claus here?”

Kakati, “Ndibaba vangu, Changamire.”

Ndakati, “Moyo wako mudiki uropafadzwe, Mudiwa. Une huhenjeri.”

Zvino, heunoi chinhu chaicho chakaoma, shamwari. Zvino mune izvi...Zvino ndichavhara. Oo, i—iGwaro rakanakisa, asi rakaoma kune munhu wese anotaridzika sekudaro. Zvino rakanamira pandiri kwemakore nemakore; uye nyenya dza Mwari...Zvino mudzimai wangu anokosha, akagara

kumashure uko chaiko zvino, paanzwa kuti ndanga ndiine mubvunzo iwowo masikati ano, ati, “Bill, unoupindura sei iwoyo?” Akati, “Ndakagara ndichinetseka nezvazvo pachangu.” Akati, “Handina kumbobvira ndakazvinzwisisa.” Uye akati . . .

Ndikati, “Huya husiku huno, Mudiwa. Ndichaita nepandinogona napo nerubatsiro rwaMwari.”

100. Hama Branham, ndapota tsanangurai VaHebheru 6:4 kusvika kuna 6.

¹⁶¹ Ndiyo nguva imwe chete yazvakanyatsa . . . Munoono, zvino munofanira kutarisa pano pakutenda kwedu, nyasha, chengetedzo yevatendi, kutsungirira kwevatsvene, kutsungirira, waro, kwevatsvene. VaHebheru chitsauko 6, 4 kusvika 6.

Zvino, pazvinongosvika pakuti . . . kupedza izvi, zvino ndinotarira kuti Mwari vachandibatsira kuti ndinyatsozvijekesa kwamuri. Ndine hurombo, ndi—ndine Mharidzo yangu yemanheru; pamwe ndichaparidza chinhu chimwe chete mangwanani pa—pashumiro. Zvadaro ndichave ndichienda.

¹⁶² Zvino, ichi ndicho chinonyatsobaya chaicho. Maona? Zvino, unofanira kutarisa. Zvino rangarirai, tinotenda nekudzidzisa pachechi ino, kuti hazvisi zvose zvinouya pano zvichidanidzira, zvose zvinotaura nendimi, zvose zvinokwazisana nemuparidzi, zvine Hupenyu Husingaperi. Asi tinotenda kana uine Hupenyu Husingaperi, kana Mwari vakakupa Hupenyu Husingaperi, unaHwo nekusingaperi. Maona? Nekuti tarisai. Kana zvisina kudaro, Jesu anowanikwa ari mudzidzisi wenhema. Muna Mutsvene Johane 5:24, Akati, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu nekutenda mune Uyo akaNdituma ane Hupenyu Husingaperi, uye haazofi akauya pakutongwa, asi apfuura kubva murufu achienda kuHupenyu.” Zvino, pikisana naYe. “Vose vaNdakapihwa naBaba . . . Hakuna munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vamukweva. (Ndiri kutokora kubva paRugwaro.) Vose vanouya . . . Hakuna munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva kutanga. Uye vose vaNdakapihwa naBaba vaNgu vachauya kwaNdiri. (Maona?) Uye vose vanouya kwaNdiri, Ndichavapa Hupenyu Husingaperi (Mutsvene Johane 6), uye ndichamumutsa nemazuva ekupedzisira.” Ndiwo mashoko aKe.

¹⁶³ Zvino tarisai. Kana ndikada kudzokera kuna VaEfeso chitsauko 1, Pauro achiparidza . . . Zvino, VaKorinde, mumwe nemumwe aiva nendimi nepisarema. Munocherechedza kuti mamwe machechi akanga asina dambudziko iroro. Haana zvaakambotaura pamusoro pazvo. Pane here paakambotaura nezvendimi chero papi muchechi yeVaEfeso, muchechi yeVaRoma? Kwete! Vaiva nendimi nezvose sezvaiva zvakaita VaKorinde, asi vaive nazvo vakazviisa muhurongwa. VaKorinde vakanga vasingagoni kuzviisa muhurongwa. Maona? Asi Pauro akaenda zasi ikoko akaisa chechi muhurongwa.

Zvino, iye...ndinotenda, saOral Roberts akati, “Mwari ndiMwari vakanaka.” Hamuzvitendi here izvozvo?

¹⁶⁴ Zvino munoti, “Saka, ko maPentekosti vane ndimi zvino, Hama Branham?” Ndinofunga kuti vakawana Mweya Mutsvene. Chokwadi vakauwana. Zvakanaka, sei? Tarisai. Munotenda here kuti NdiMwari vakanaka? Tomasi akati pane imwe nguva, “Munoziva, Ishe...”

Vamwe vose vakaMutenda. Vakati, “Oo, tinoziva kuti Ndewe mazvirokwazvo!”

“Oo,” Tomasi akati, “kwete, kwete, handizvitendi. Nzira yoga yandingazvitenda, ndinotofanira kuwana humwe humbowo. Ndinotofanira kunyudza minwe yangu parutivi rwaKe uye nemumavanga ezvipikiri ari mumaoko aKe.”

NdiMwari vakanaka. Vakati, “Huya kuno, Tomasi. Hezvo kaizvo.”

“Oo,” Tomasi akati, “zvino ndinotenda.”

¹⁶⁵ Akati, “Hongu, Tomasi, mushure mekunge waNdiona, nekuNdzinza, nekuisa ruoko rwaNgu...maoko ako murutivi rwaNgu, wotenda. Asi mubairo mukuru wakadini uchava kune avo vasina kumbobvira vakaona asi zvakadaro vachitenda.” NdiMwari vakanaka. Vanokupa chishuvo chemoyo wako, eheka. NgatingoVatendei. Ndiko—ndiko—ndiko kurova kunoparadza Satani. Kana munhu akatora Mwari paShoko raVo, hama, izvozvo zvinouraya Satani nguva dzose. Ndiko kurohwa kukuru uko Satani anogona kuwana, kana munhu akatora Mwari paShoko raVo. Hongu, changamire. Sezvandataura, “Munhu haangarami zvoga (Jesu, humwe husiku), asi Shoko roga-roga rinobuda...”

¹⁶⁶ Zvino, cherechedzai izvi. Zvino ndichatangira pandima yekutanga:

Naizvozvo ngatisiyei nheyo yokutanga yedzidziso yaKristu, tipfuurire mberi pakukwaniswa;... (Zvino, chinhu chekutanga chandinoda kuti muzive: Pauro ari kutaura naani pano? VaHebheru. Vanoti, “VaHebheru,” pamusoro, peBhuku raVaHebheru. Ndizvozvo here? MaJudha avo vakanga varamba Jesu...Munogona—imi kuzvibata zvino here? Ari kutaura kumaJudha, achivaratidza mumvuri wemurairo uri mufananidzo waKristu. Zvinhu zvose zvakare mufananidzo wezvitsva. Zvino tarisai.)

...ngatisiyei nheyo yokutanga yedzidziso yaKristu, tipfuurire mberi pakukwaniswa;...

¹⁶⁷ Zvino, akanga ari kutaura kwavari pamusoro pedzidziso. Ngatiendei kunotaura pamusoro pezvinhu zvakakwaniswa. Zvino, unokwaniswa muna Mwari kana waiswa chisimbiso neMweya Mutsvene *kusvikira* pazuva rerudzikinuro rwako.

“Uyo akaberekwa naMwari (Johani Wekutanga) haaiti chivi; nekuti haagoni kutadza, nekuti Mbeu yaMwari inogara maari.”

168 Munhu akazadzwa neMweya Mutsvene, kwete anofunga kuti akazadzwa, asi uyo akaberekwa neMweya waMwari haaiti chivi, nekuti Mbeu yaMwari iri maari, uye haagoni kutadza. Maona? Bhaibheri rinodaro here? Saka hezvoka izvo. Uri... Kwete zvaunoita, izvo, zvacho, kwete izvo zvinofungwa nenyika pamusoro pako, ndeizvo zvinofungwa naMwari pamusoro pako. Maona, maona? Haugoni...Ko ndingava sei nemvumo yakanyorwa nameya weguta, kuti ndinogona kumhanya mamaera makumi mana paawa muguta, zvino pozoita chero mupurisa angandisunga? Handigoni. Ko ndingatadza sei ipo paine chipiriso cheropa pamberi paMwari nguva dzose, apo Vasingagoni kana kundiona; ipo paine chinodzivisa pane—pane... pamberi pangu naMwari, nhowo yeRopa? Nekuti takafa, uye hupenyu hwedu hwakavanzwa muna Kristu kuburikidza naMwari, takasimbiswa neMweya Mutsvene. Ko ungaite sei chero chinhu chakaipa pamberi paMwari? “Kana tikatadza nebwoni (VaHebheru 10) mushure mekunge tagamuchira zivo yeZvokwadi, hakuchinazve chimwe chipiriso chechivi.” Imo muno hazvigoneke (maona?) kutadza nebwoni.

169 Zvino, ngatipfuurirei mberi tiverenge. Zvakanaka.

*...kukwaniswa; tisingaisizve nheyo ye—
yekutendeuka kubva pamabasa akafa, uye...kutenda
kuna Mwari,*

*Nezvedzidziso dzerubhabhatidzo, ...kuturika maoko,
nedzokumuka kwevakafa, ne...kutongwa kusingaperi.*

Uye izvi...tinovziita, kana Mwari achitendera.

*(Zvino hepanoi apo pavaida kutangira, kubva
pandima 4.) Nekuti hazvigoneke kune avo...
vakambovhenekerwa pane imwe nguva, uye vakaravira
chipo chokudenga, vakagoverwa Mweya Mutsvene,*

*Uye vakaravira shoko rakanaka raMwari, nemasimba
enyika inouya,*

*Kana vakazotsauka, kuvavandudzazve—
kuvavandudzazve zvakare kuti vatendeuke; vachiona
kuti vanozvirovererazve Mwanakomana waMwari
patsva pamuchinjikwa, uye vachimunyadzisa pachena.*

170 Zvino, zvino, izvozvo zvinoita sokunge, nenzira yemaverengero amuri kuita ipapo, kuti munhu anogona kugamuchira Mweya Mutsvene, uye odzokera kumashure agorasika. Asi hazvigoneke kuti azviite. Maona? Haagoni kuzviita. Kana akazviita, Kristu akanyepa. Maona? Hazvigoneke kune avo vakambojekerwa pane imwe nguva. Zvino, tarisai apa. Ari kutaura kuna ani? Ari kutaura kumaJudha vepamuganhu.

Haana kutaura kuti munhu achinge akazadzwa neMweya Mutsvene; akati, “Kana akaravira Shoko raMwari.”

¹⁷¹ Zvino, regai ndizvipe semufananidzo, kuitira kuti mugoona uye musazvipotsa zvino. Zvino, ari kunyora kumaJudha aya. Vamwe vavo vatendi vekabanga. Maona? Akati, “Zvino, tichasiya mabasa aya topfuurira kutaura pamusoro pekukwaniswa.” Akati, “Iye zvino, tiri kutaura pamusoro perubhabhatidzo, nerumuko rwevakafa, uye nekururika maoko, nezvose; asi ngatipfuurirei mberi zvino kutaura nezvekukwaniswa. Zvino, tichataura pamusoro pekuti kana wapinda muMweya Mutsvene. Zvino, wanga uchingotenderera mumusangano kwenguva refu . . .”

¹⁷² Uye makaona vanhu ivavo. Vanogara varipo; havapindi kana kubuda. Vanoyemura Mweya Mutsvene. Vanouya pano. Uye pamwe Mweya Mutsvene unoita chimwe chinhu zvino, varume, vanosimuka vachidanidzira, vosvetuka-svetuka nezvazvo, asi havafi vakada kuUgamuchira pachavo. Kwete, kwete! Maona? Uye vanoti, “Oo, hongu, zvakanaka. Oo, handizivi nezvazvo zvino.” Maona, maona, maona? Vatendi vekabanga. Vari pedyo chaipo kusvikira vanogona kuUravira, asi zvakadaro havaUgamuchire. Maona? Zvino, vanongogarira pedyo saizvozvo kwenguva refu kusvikira mushure mechinguva vazoenda zvachose. Ndinogona kudana mazita evazhinji vaiva patabhanakeri, vakaita zvimwe chetezvo. Kutsauka nzira yose uchibva zvakare, kuzvivandudza pachavo kuti vatendeuke, hakuchina kutendeuka kwavari. Vakangogumbura Mweya kubva pavari. Vakange vari pedyo chaizvo kusvikira . . .

¹⁷³ Pano, kana mukavhura neni (hamusisina nguva, ndinoziva, zvino) asi kana mukavhura kuna Deuteronomio chitsauko 1 moiverenga, munowana chinhu chimwe chete. Muchiinyora pasi zvino, Deuteronomio chitsauko 1. Zvino, mochtangira pandima 19 uye moverenga kusvika pane 26. Deuteronomio . . . Muchazona . . . Zvino tarisai. Israeri yose . . . Vanhu ivavo zvavanoita, vakauya kuKadheshi-bhania. Oh, ndinoona chimwe chinhu! Tabhanakeri ino, nyika ino yechiPentekosti iri paKadheshi-bhania iko zvino. Ndizvozvo chaizvo, Hama Neville. Tiri paKadheshi-bhania, pachigaro chekutonga cheniyika (yaiva chigaro chekutonga).

¹⁷⁴ Zvino vatsori vakabuda. Joshua akati pano, “Zvino, ndakatumira vatsori,” kana kuti Mosesi, waro, “Ndakatumira vatsori, gumi nevaviri, mumwe wekune, murume mumwe chete kubva mune rimwe nerimwe redzimba dzenyu. Ndakatumira kunotsora nyika uye vagouya nechapupu.” Ndizvozvo here?

Zvino pavakadzoka, paiva nevapfumbamwe kubva mugumi nevaviri vakati, “Oo, inyika yakanaka, asi oo, imi wee, hatigoni kuitora. Oo, ini zvangu! VaAmori variko, uye isu tinotaridzika semhashu takamira parutivi rwavo. Varume vane

zvombo. Masvingo avo akakura. Oo, zvakanyanyisa...nhai, ndinoshuvira dai takafira hedu mhiri kuEgipita pane kuti utiunze kunze kuno.”

¹⁷⁵ Asi, Karebhu mudiki wakare naJoshua vakasvetukira ipapo vakavanyararidza; vakati, “Tinogona nekupfuurisa kuitora.” Hongu, changamire! Heunoi uyo wacho. Zvino tarisai. Chii chakaitika? Karebhu naJoshua vakaziva kuti Mwari vakavapa vimbiso yayo: “Handina basa kuti zvakakura sei, kuti zvidzviso zvakawanda sei, zvakareba kuenda mudenga sei, zvakakura sei, izvozvo hazvinei nechokuita nazvo. Mwari vakataura kudaro, uye tinogona kuitora.” Uye munoziva here kuti ndivo vaiva vanhu vaviri voga avo, kubva pamamiriyoni maviri nehafu vaya, vakayambukira munyika yacho? Nekuti vakabaturira kutenda kwavo mune zvakataurwa naMwari kuva Chokwadi. Amen!

¹⁷⁶ Tabhanakeri, iye zvino, yakamira paKadheshi-bhania. Tarisai, vanhu vacho vakanga vari pedyo kwazvo kusvikira vakatoravira mazambiringa akabva munyika yacho. Vakadya mazambiringa. Karebhu nevamwe pavakaenda mhiri vakadzoka nemazambiringa, machinda iwayo akatema mamwe avo vakaadya. “Oo, akanaka, asi hatigoni kuzviita.” “Avo vakaravira basa rakanaka raMwari, vakaravira Mweya Mutsvene, vakaona kunaka kwaWo, vakaUravira, vakaravira Shoko raMwari...” Mazviona izvo here? Hapana kana mumwe wevarume ava, hapana kana mumwe chete wavo akabvumidzwa kuyambukira mhiri. Vakapararira munyika mavo, kuno uku murenje. Havana kuyambukira mhiri, asi zvakadaro vaiva pedyo chaizvo kusvika pakutoIravira, asi vasina nyasha dzakakwana nekutenda kuti vaItore. Ndzivo zvazviri.

¹⁷⁷ Zvino. Zvino teerera! Kune munhu uyo mudikani anyora tsamba iyi. Ngatingoverengai ndima inotevera. Tarisai kweminiti chete. Tarisai Pauro. Zvino ngativerengei yechi 7:

Nekuti nyika...inonwa mvura inosinayira pamusoro payo kazhinji, uye inobereka miriwo nyama yeavo vanoirimira, inowana maropafadzo kubva kuna Mwari:

Asi iyo inobereka minzwa nerukato inoraswa, uye iri pedyo nokutukwa; kuguma kwayo ndiko kupiswa.

¹⁷⁸ Zvino, munoona here zvaanotaura? Zvino tarisai. Panga paine mubvunzo uyu pano; zvino, uye zvino tichavhara... Chinhu ichi chaida kundiuraya kwemakore.

¹⁷⁹ Ndakaenda kune mumwe musangano neimwe nguva uko vanhu vaitaura nendimi kuMishawaka, Indiana. Zvino, ndiri pamberi peboka rangu. Makavanzwa vanhu ivavo... makandinzwa ndichitaura nhorondo yehupenyu hwangu, uye pamusoro pemurume wechitema akati, “Uyu ari pano. Uyu ari pano.” Zvino, ndakazvita.

¹⁸⁰ Asi zvimwe zvacho: ndakaona varume vaviri. Vaiva... Mumwe aipa shoko, mumwe wacho achiridudzira. Mumwe

aipa shoko, zvino mumwe wacho airidudzira. Zvino hama, vaitaura chaizvoizvo. Izvi chete...ndakafunga, “Maiwee zvangu! Ndanga ndisati ndakamboona zvakadaro.” Ndakati, “Ndiri pakati pengirozi.” Ndakafunga, handisati ndakamboona chero chinhu...Mumwe aitura, uye mumwe wacho... .

¹⁸¹ Zvino ndakagara kumashure uko, semuparidzi mudiki wakare, iwe... [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]... varume vari vaviri dzimwe nguva uye ndokukwazisa ruoko rwavo. Handina kumbobvira ndakaona varume vakadaro muhupenyu hwangu. Vaitaura shoko, zvino mumwe airidudzira. Zvino ini zvangu, ini zvangu! Zvakanga zvakana kwazvo! Mumwe, aitura uye mumwe aidudzira. Vose...Zvino vaichena kuti mbuu pavaisimudza maoko avo. Ndakafunga, “Oo ini zvangu, ini zvangu, ko ndakambenge ndiripiko hupenyu hwangu hwose. Izvi ndizvo chaizvo!” Ndakati, “Ini zvangu, Mapentekosti zvavari ndizvo chaizvo.” Ndizvozvo chaizvo.

¹⁸² Handina kumboona zvizhinji asi vakanga vari zasi mukati imomo, uko...Pamwe madzimai mashoma vakatumwa kune imwe nzvimbo. Zvino vaimbenge vachikakavadzana; uye mumwe achidana mumwe kuti, “chikwere chemagora,” uye, munoziva, zvakangodaro, vachiita sevanyakavavadzana. Kwete kuva nekakusaremekedza madzimai zvino kana hapana, asi kungo...Zva—zvakanga zvakaderera. Kana mumwe wenyu... Munorangarira, Hama Graham. Maiva mukomana mudiki panguva iyoyo. Uye saka, ndizvo zvazvaiva.

Zvino ndakazviteerera, ndikafunga, “Oo, ini zvangu, ndasangana nengirozi.”

¹⁸³ Rimwe zuva ndichiuuya ndichipota nepakona yemba, ringaita zuva rechipiri, ndakasangana nemumwe wavarume vacho. Ndakati, “Makadii, Changamire?”

Akati, “Tiripo makadiniwo?” Akati, “Uri...Ko zita renyu ndiani?”

Zvino ndikati, “Branham.”

Akati, “Munobva kupi? Kuno here?”

Zvino ndikati, “Kwete, ndinobva kuJeffersonville.”

Akati, “Saka, zvakana. Muri muPentekosti here?”

Ndikati, “Kwete, changamire, handisi.” Ndikati, “Handingogamuchire nzira yechiPentekosti yekugamuchira nayo Mweya Mutsvene,” ndakadaro, “zvisinei,” ndakati, “ndiri pano kuzodzidza.”

¹⁸⁴ Akati, “Saka, zvakana kwazvo.” Zvino ndichitaura naye, ndichibata mweya wake (semudzimai patsime), aiva Mukristu wechokwadi. Hama, ndinoreva aifamba zvakana chaizvo. Aive akanaka. Zvino, imi mose...Vangani vakambova mumisangano yangu uye vachiona zvinhu izvozvo zvichiitika?

Muri kuona? Zvino murume akanga akanaka zvakakwana. Saka zvino, nda—ndakafunga, “Apo! Ini zvangu, zvakaisvonaka sei!”

¹⁸⁵ Kungada kuita semanheru iwayo, masikati neimwe nguva, ndakasangana nemumwe wacho. Ndikati, “Makadii, Changamire?”

Akati, “Tiripo makadiniwo? Zita renyu ndiani?” Zvino ndakamuudza. Uye akati, “Maka... Mu—muri muPentekosti here?”

Ndikati, “Kwete, changamire, handisi chaizvoizvo muPentekosti, handifungidziri.” Ndikati, “Ndingori kumusoro kuno kuzodzidza.”

Akati, ndikati, akati, “Makambowana here Mweya Mutsvene?”

Ndikati, “Ini—ini handizivi.” Ndakati, “Maererano nezvamakawana mose, ndinofungidzira kuti handina.”

Zvino akati, “Makambotaura nendimi here?”

Ndikati, “Kwete, changamire!”

Akati, “Saka hamuna kumboUwana.”

¹⁸⁶ Zvino ndakati, “Zvakanaka, ndi—ndinofungidzira kuti ndizvozvwo.” Ndikati, “Handizivi. Ndave ndiri kungoparidza kwemakore anenge maviri, kana mashoma,” uye ndakati, “handizivi zvakanyanya nezvaWo.” Ndikati, “Pamwe handizivi.” Ndakati, “Handigoni kunzwisisa...” Nemhaka yei, ndaiedza kuramba ndakamubata ipapo (maona?), kuti ndizvibate. Zvino pandakadaro, kana ndakambosangana nemunyengeri, hepanoi paiva nemumwe wavo. Mudzimai wake aiva nebvudzi dema; uye aigara nemukadzi aiva ane bvudzi rakaita sejena, aine vana vaviri naye; Achitaura nendimi, achidzidzira zvakanakwana chaizvo sezvazvingava. Zvino ndakati, “Zvino, Ishe, zviiko zvandapinda mazviri?” Kubva pakuva ngirozi, handina kuziva zvandakanga ndapinda mazviri. Ndakati, “Ndi—ndi—ndinotenda zvapamavambo; zvinofanira kuva zviri Bhaibheri. Zvinofanira kuva zviri izvo. Pane chimwe chinhu chakatsveyama pane imwe nzvimbo, Ishe. Zvingagova saizvozvwo sei?”

¹⁸⁷ Ndakaenda kumusangano husiku ihwohwo, zvino Mweya iwoyo waidonha; zvino hama, waitogona kutoUnzwa, kuti Waiva Mweya Mutsvene. Hongu, changamire! Kana dai wainge Usiriwo, Wakapupurirana nemweya wangu kuti Waiva Mweya Mutsvene. Zvino ndaingova ndiri muparidzi wechidiki, uye ndisingazivi, zvizhinji pamusoro pekunzvera mweya. Asi ndaiva ndakagara ipapo. Uye ndinoziva ivo Mwari vacho vakandiponesa, aiva manzwiwo mamwe chete...Ndakanzwa sekunge ndaienda ndichipfuura nemudenga rechivakwa, aive manzwiwo anoshamisa kwazvo muchivakwa imomo. Zvino ndakafunga...

¹⁸⁸ Vangaita churu nemazana mashanu vavo ipapo. Zvino ndakafunga, “Ini zvangu, oo ini zvangu!” Mapoka maviri kana matatu avo vakanga vasangana pamwe chete. Zvino ndakafunga, “Nhai, ini zvangu! Zvingagova saizvozvo sei? Zvino, Mweya mukuru iwoyo uri muchivakwa ichocho uchidonha saizvozvo; zvino pano, tarisai izvi zvichiitika kumusoro uko, machinda iwayo vachitaura nendimi, vachidudzira, vachipa shoko zvakakwana chaizvo—asi munwe wavo ari munyengeri nemumwe wacho ari munhu waMwari chaiye.” Zvino ndakafunga kuti, “Zvinoka, ndanyatsovhiringika chaizvo. Handichaziva zvokuita.”

¹⁸⁹ Saka, pakarepo mushure mazvo, shamwari yangu yakanaka, Hama Davis (munoziva), akatanga kutaura ndaiva chidhori. Chitoyi chemusikana, munoziva. Uye saka, ndaiva mujaya, uye saka ini. . . Vakatanga kundinyomba, nekungoenderera mberi, sekuita dambe neni.

¹⁹⁰ Zvino taiva nekadiki. . . Uye amai venyu nesu tose taiita misangano midiki munzvimbo dzakasiyana-siyana. Tabhanakeri yakanga isati—yakanga isati yavapo panguva iyoyo, uye taiita misangano midiki munzvimbo dzakasiyana-siyana. Zvino pakupedzisira rimwe zuva, mushure mekunge tabhanakeri yavakwa, makore mazhinji akatevera, Ndakaenda kumusoro kuGreen’s Mill kubako rangu kunonamata, nekuti Hama Davis vakanga vataura zvinhu zvakashata kwazvo pamusoro pangu mu—mu—mubepa ravo. Ndaivada. Ndakanga ndisingadi chimwe chinhu kuti chiiitike, zvino nda—ndaikanda kumusoro ikoko kunovanamatira. Zvino ndakaenda kumusoro ikoko, ndikapinda mubako. Ndikagara imomo kwemazuva angaita maviri. Zvino ndikati, “Ishe, varegererei. Va—yanga vasingarevi—vasingarevi kudaro.” Uye ndakafunga, “Munoziva. . .” Ndakangoerekana ndafunga pamusoro perimwe Gwaro.

¹⁹¹ Zvino ndakabuda panze. Saka paiva nedanda (danda iroro richakarara ipapo, ndaiva ndakarigarira kasiri kare) zasi kwegomo uye rakarara rakachinjika kamwe kanzira kadiki kanouya kachibva kune karukova. Zvino ndakagarira danda, ndakatarisa kumakomo kure kumashure—shure uko, ndikagadzika Bhaibheri rangu pasi kudai. Ndikafunga, “Munoziva. . .” Ndakanga ndiri kufunga pamusoro peGwaro: “Mupfuri wemhangura, akandiitira zvakaipa zvizhinji, uye akataura zvinhu.” Munoziva. . . ndakafunga, “Ndinotenda ndichangoriverenga.” Ndakavhura Bhaibheri, zvino ndikati, “Saka. . .” Ndakapukuta kumeso kwangu, zvino mhengo yakavhuvhuta, ikarivhura kuna VaHebheru 6. “Zvakanaka,” ndakati, “hapasipo pariri.” Zvino ndakaRigadzika zvakare sekudai. Zvino mhengo yakavhuvhuta zvakare ikaRivhura ipapo zvakare. Uye ndikati, “Zvino, zvinoshamisa, mhengo

ichirifuridza richidzokera pakare ipapo saizvozvo.” Saka ndakafunga, “Saka, ndinotenda ndichariverenga.” Zvino rakati:

Nekuti hazvigoneke kune avo vakambovhenekerwa pane imwe nguva, . . . *vakagoverwa Mweya Mutsvene, uye vakaravira . . . Shoko raMwari, uye nechinhu chenyika inouya.*

Ndakafunga, “Saka, handisi kuona chinhu naro.” Ndakariverenga ndichidzika, nechitsauko chose. Hapana zviri mariri. Ndikati, “Saka, zvino—zvinozvigadzirisira izvozvo.” Zvino nda—ndakazviona sekudai, uye rikadzokera ipapo zvakare. Zvino ndakaRisimudza, uye ndikafunga, “Saka, chimbori chii ichocho?” Ndakaramba ndichiriverenga, nekuriverenga, nekuriverenga, ndikati, “Zvino, handisi kukwanisa kunzwisisa.” Ndikabva ndaramba . . . Zvino ndakaverenga ndichidzika:

. . . hazvigoneke kune vakambovhenekerwa pane imwe nguva, . . .

Rikadzika pane nzvimbo iyi parakati:

Uye nyika . . . inonwa *mvura inosinaya pamusoro payo kazhinji*, kuti igobereka *muriwo nyama kwavari avo vanorima*, inowana maropafadzo anobva kuna *Mwari*:

Asi iyo inobereka *minzwa nerukato inoraswa*, uye . . . pedyo nekutukwa; kutongwa *kwayo ndiko kupiswa*.

¹⁹² Ndakati, “Handizivi kuti zvinorevei?” Ndaingo . . . Zvino, ndakanga ndisingafungi pamusoro pechimwe chinhu kumusoro ikoko. Ndichingofunga izvozvo. Uye pakarepo pandaiva ndakagara ipapo, ndakafunga kuti Ishe vachandipa chiratidzo chaHama Davis nevamwe zasi uko. Zvino ndaiva ndakagara ipapo; ndakatarisa, ndikaona chimwe chinhu chichitenderera mhiri kwehova yaiva pamberi pangu. Zvino yaiva nyika yaitenderera. Zvino ndakaona yapwanywa kwose, zvichingoita sekunge yaiva yakarimwa kwese. Zvino mumwe Murume akaenda nechimwe chi—chi—chinhu chikuru-kuru pamberi paKe chakazara nembeu, zvino Aikusha mbeu kwese hako munyika yose Achienda. Zvino Akaenda ndokupoterera seri kunoperera nyika, zvino ndaive ndisisaMuone. Zvino Achingobva uye ndisisamuoni, hepanoi pakauya mumwe murume aitaridzika seari kuvereveda, akapfeka nguvo nhema, achitenderera kwese-kwese sekudai, achidai, fuu, fuu, achikanda mbeu dzakaipa, fuu, fuu. Zvino ndakazvitarisa, zvino nyika payakaramba ichitenderera . . .

¹⁹³ Mushure mechinguva gorosi rakabuda. Zvino gorosi parakabuda, kubva ipapo pakabuda rukato, nesora rinobaya, neminzwa, nesora rinonhuwa, nezvose zvichikura, masora anobuda mukaka, nezvose zvichikurira mugorosi. Zvino zvose zvaikura pamwe chete. Zvino kwakazova nekusanaya kwemvura kwakaipa, chaizvo, zvino gorosi diki rakange rakadonhedza musoro waro sekudai, uye karukato, nesora rinobaya, minzwa,

zvainge zvakadonhedza musoro wazvo. Sora roga-roga raingoti [Hama Branham vanoita ruzha rwekufemera pamusoro—Mupepeti] richingofema sekudaro. Waitogona kuanzwa. Uye aidanira mvura inonaya, mvura inonaya.

¹⁹⁴ Zvino mushure mechinguva, pakazouya gore guru kwazvo, zvino mvura yakanaya zvine simba. Zvino payakanaya pamusoro ipapo, gorosi riya rakasvetuka rikatangana kudanidzira, “Kubwinya, Hareruya, Ishe Ngavarumbidzwe!” Sora diki rinonhuwa rakasvetuka mudenga rikadanidzira kuti, “Kubwinya, Ishe Ngavarumbidzwe, Hareruya!” Minzwa nezvose, zvichitamba nemunda wose zvichidanidzira, “Kubwinya, Hareruya, Ishe Ngavarumbidzwe!”

Zvino, ndakati, “Handisi kuzvinzwisisa.”

¹⁹⁵ Chiratidzo chakandisiya; ndikabva ndadzokera paya zvakare: “Rukato rwasvika pakuraswa.” Ndakabva ndazvinzwisisa. Jesu akati, “Mvura inonaya pane vakarurama nevasina kururama.” Munhu anogona kugara mumusangano, anogona kutaura nendimi, anogona kudanidzira ozvibata sevamwe vose vane Mweya Mutsvene wechokwadi asi zvakadaro asiri muHumambo hwaMwari. Ndizvozvo chaizvo. Jesu haana here kuti, “Vazhinji vachamira pazuva iroro vachiti, ‘Ishe, handina here kudzinga madhimoni muZita reNyū; handina here kuporofita (kugaridza) muZita reNyū; handina here kuita mabasa akawanda muZita reNyū?’” Jesu akati, “Ibvai kwaNdiri, imi vaiti zvezvisakarurama, Handina kumbobvira ndakakuzivai.” Munoti kudini nazvo?

¹⁹⁶ Hezvinoi chaizvo zvazvinoreva pano. Maona? Vakaravira mvura inonaya yakanaka inobva Kudenga. Asi pakutanga kwacho, vakanga vakatsveyama. Pakutanga kwacho donzvo ravo rakanga risina kunaka; zvinangwa zvavo zvakanga zvisina kunaka. Izvozvo, haugoni kuziva. Pa . . . Munoziva, pagoho akati, “Ndiende here kunozvidzura zvose?”

¹⁹⁷ Akati, “Rega zvikure pamwe chete, uye pazuva iroro minzwa iyi nesora rinobaya zvichapiswa pamwe chete, uye gorosi richaenda mudura.” Zvino, uchaziva sei kuti munzwa ndeupi, kana kuti sora rinobaya nderipi, kana kuti gorosi nderipi? “Nezvibereko zvavo muchavaziva.” Maona, hama, hanzvadi, muti wakanaka haugoni kubereka muchero wakaipa. Hazvina basa, pane imwe nzvimbo mberi kwenzira, zvichakuwana chete. Saka, imi mukutsvaga rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene . . . ndinofara chero uyo akazvinyora. Maona?

¹⁹⁸ Zvino, vatendi vekabanga kumashure ikoko, vaitova navo. Vakadzingiswa nekudzingiswa kwavo. Vakaenda kunyika iyo Mwari vakavimbisa, kumucheto kwayo chaiko. Vanhu vazhinji vanosvika pamucheto iwoyo. Anofamba kusvika parubhabhatidzo rweMweya Mutsvene chaipo obva arwuramba. Haadi kuzvisiya. Anofamba kusvika parubhabhatidzo

rweGwaro chairwo muZita raJesu Kristu, obva afuratira, nekurwuramba kuitira kuti arege kurwuona.

¹⁹⁹ Hakuna kana Rugwaro rumwe chete muBhaibheri rose apo chero munhu akambobhabhatidzwa muzita raBaba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene, hamuna kana Rugwaro rumwe chete. Chechi yeKatorike ndiyo yakazvitanga, zvikabuda muna Luther, zvichidzika muna Wesley, uye zvafamba nemose kusvika pano. Ndizvozvo chaizvo. Asi hurongwa hweMagwaro iZita raIshe Jesu Kristu. Ndirwo rubhabhatidzo rwechiapostora. Haungaiti izvozvo woramba uri musangano. Ndizvozvo chaizvo.

²⁰⁰ Zvino, munoona here zvinhu izvozvo? Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, zvipo zveMweya, zvinhu izvo Mwari vanounza. . . Zvibereko zveMweya rudo, mufaro, kutsungirira (oo, unoti, “Asi Hama Branham, Mwari varopafadzwe, ndinotsungirira.” Zvinotaridzika sekudaro. Ndakaenda kumusoro kuOhio pano kasiri kare, zvino mumwe munhu akandibvunza, akanyora tsamba zasi kuno akandibvunza kana ndaibhabhatidza vanhu muZita raJesu Kristu. Handina kumbobvira ndakataura shoko. Vakazozviziva zvakadaro, uye vashumiri gumi navatanhatu vataishandirana pamwe navo vakaenda. Ndiko kutsungirira handizvo here!)—kutsungirira, runako, kuzvityora, hunyoro, moyo murefu, uye Mweya Mutsvene. Maona?

²⁰¹ Oo, hama, hanzvadzi, tiri—tiri paKadheshi-bhania. Muri kuravira zvino. Husiku hwapfuura Mweya Mutsvene wakadonha pamusoro pedu, ukapinda matiri, semhepo inovhuvhuta. Wakagara pamusoro pevazhinji venyu. Nhasi vashumiri vanga vachishanyira dzimba pano neapo, vachiturika maoko nekunamatira avo vari kutsvaga Mweya Mutsvene. Musatore chinotsivanisa. Musatore imwe mhando yeruzha. Musatore imwe mhando yemamwe manyawi. Iwe mira ipapo kusvikira Mwari vakuumba nekukuita chisikwa chitsva, vakuita munhu mutsva. Uri kuUravira zvino, kungoUravira, asi rega Njiva ikutungamirire kutafura chaiko, zvino—zvino Gwayana neNjiva zvakagara pamwe chete, zvikadya pamabiko nekusingaperi paShoko raMwari. Nekuti Richamira pasisina denga nenyika; Shoko raMwari rinogara riripo. Ichokwadi.

²⁰² Ndapota musafunga kuti ndinopfuurira mwero. Kana ndanga ndakadaro, handirevi kuva saizvozvo. Kana ini. . . Ndinovimba kuti ndapindura mibvunzo iyi; ndazviita, nekuziva kwangu kwose.

²⁰³ Uye naizvozvo, muna VaHebheru 6, kana mukaona, Pauro ari kutaura neVaHebheru vaiti, “Saka, tichaenda pamwe chete newe kusvika pakadai.” Vanouya. Muri kuona? Akati, “Zvino, mune. . .” Avo nauyaya uye vakaravira.

²⁰⁴ Ndangoerekana ndatarisa kumashure muchivakwa. Kukuratidzai humbowo hwaMwari Vanorarama. Ndinovimba

kuti handizoisi munhu uyu pachena. Ndakauya ndichibva kumusangano kasiri kare, ndikauya pano, ndikakuzivisa kuti imwe shamwari yakanaka, shamwari yangu yepedyo, muvhimi pamwe neni, murume akagara akanaka kwandiri, murume akambouya kucheche kwangu, uye aiva hama yangu; ndaimudana kuti Busty. Zita rake rinonzi Everett Rodgers; aigara kuMilltown. Vangani vanondirangarira ndichiuya pano kuzovzivisa? Ainge akarara kuno muchipatara; vanachiremba vakamuopareta, vakamuvhura, uye aive akazara kwazvo nekenza vakangomusona pakare. Vakati, “Achabva atanga kuderera; mumavhiki mashoma anenge afa; ndizvo zvoga zvinenge zvavapo. Anenge atopera, ndizvo zvoga.”

²⁰⁵ Munorangarira here pandakamira pano papuratifomu, ndikamunamatira? Ndakadzika zasi ikoko ndikapinda mukamuri, chimwe chinhu chichidya mumoyo mangu. Ndakapinda mukamuri, zvino ndichangoburitsa munhu wose kuitira kuti ndigone. . . Hama Everett vaininge vakarara ipapo. Uye mucharangerira izvi. Ndakapinda; ndikati, “Hama—Hama Busty.” (Ndaivadana kuti Busty.)

²⁰⁶ Kare-kare tichiri kuita misangano muchivakwa chine denga chete zasi uko, vose maMethodisti vari seri uko pachikomo (Gertie, mumwe wavo), vachiverevedza vachiuyako, vaidongorera nepachivakwa chemazambiringa kuti vaone zvandaizotaura, uye nezvakaadaro, vachitya kuti chechi yeMethodisti yaizovadzanga. Uye ipapo, ndakaenda ndikava nechiratidzo ikoko, zvino ndakaona nyama yakaunganidzwa mumugomo. Ndakabata chitsama chehove ndikadzisungirira, ndokudzisungirira—ndokudzisungirira patambo idzi, zvino ndikasunga tambo dzacho. Zvino pandakatarisa. . . Zvino zvaiva zvose muchiratidzo; Ndakanga ndasiya—ndasiya boka revanhu vakamira pasi pechivakwa chine denga chete husiku ihwohwo ndikaenda pamusoro pechikomo kwaHama Wright. Zvino havana kana kukwanisa kundiwana mangwanani akatevera. Ndakati, “Pasave nemumwe wenyu. . .”

²⁰⁷ Ndichakamira ipapo ndichiparidza, Chiedza chiya chakabva chauya; Shongwe yeMoto iya yakarembere pano chaipo pamberi pangu ikati, “Ibva pano uende kumasango; Ndichataura newe.” Raiva zuva rimwe chete, zuva raitevera pavakandiona pamusoro pechikomo. Zvino ndainge ndiri kumusoro ikoko; ndakaviga motokari yangu mumasora, ndaiva pamusoro pegomo ndichinamata husiku hwose nezuya rose raitevera. Vamwe vavo vakauya ikoko, vakawana motokari vakakwira ikoko. . . Ndiro raiva zuva iro Hama Graham Snelling, pano, vakagamuchira Mweya Mutsvene nekudanwa mushumiro.

²⁰⁸ Kumusoro ikoko pajinga rechikomo pandaiva ndakararapo, zvino Va—Vakandiudza zvinhu zvakasiyana-siyana zvekuita nenhaurirano yatakanga tamboita tiri pamwe chete. Vakapa

chiratidzo chekuona hove idzi dzakasungwa, vakati, “Iyi ndiyo chechi yako yekuMilltown.”

Zvino ina kana shanu dzadzo dzakadonhera pasi; ndikati, “Ndiani uyo?”

Zvikanzi, “Mumwe wavo ndiGuy Spencer nemudzimai wake. Mumwe wacho ndemumwe Spencer apo, uye newavo.” Zvino Vakataura avo vakasiyana-siyana, vachadonha.

²⁰⁹ Ndakavaudza; ndikati, “Pasava nemumwe wenyu anodya.” Mudzimai wangu neni takanga tisati...Zvakaitika tisati taroorana; zvino akaenda kumba kunogara husiku hwose naHanzvadzi Spencer, mudzimai akanaka kwazvo. Murume akanaka, Guy Spencer anongori murume akangonaka seuyo akamira mushangu yedehwe. Zvino iye—zvino iye akaenda zasi ikoko, uye Opal akati, “Zvino, tarisa...” Kuna Meda, akati, “Zvino, Meda, ndinotenda Hama Bill.” Akati, “Asi kana Opal ava nenzara, anofanira kudya hamu nemazai.” Saka ndokuenda neche uko, kunofuraya hamu yake nemazai, ndokugara pasi kuti azvidye, ndokutanga kuisa munamoto, uye akakotamira pamusoro patafura, achichichema, haana kuzvibata. Zvino vakauya kuzovhima.

²¹⁰ Zvino pamusoro ipapo pagomo zuva iroro, Vakandiudza chaizvo zvaizoitika. Vakati, “Ava vachaenda, uye zvakare ava vachaenda.” Asi Vaiva nemurwi mukuru wenyama yemugaba. Vakati, “Chengeta iyi kuti uzoishandisa kumberi kuitira vanhu vekuMilltown.” Zvino humwe husiku pandakanzwa Hama Creech...Vainge vakagara pano husiku hwapfuura. Handisi...Hama Creech, muri muno here husiku huno? Hama Creech pavakauya kwandiri, vakandidana, naHanzvadzi Creech, vachichema; baba vavo vainge vakarara ipapo. Vakati, “Hama Bill, musavaudze. Vari kufa.” Vakati, “Vadyiwa nekenza; vanachiremba vakavavhura, zvino vakangozara nekenza zvekuzara zviya.” NaWill Hall (zvino mose munomurangarira), apo chiremba mumwe chete akamuvhura uye aive akazara kwazvo nekenza...Ndakatanga kuenda kunovhima tsindi mangwanani iwawo, zvino ndakaona maapurosi akaremba mukamuri. (Munorangarira nyaya iyoyo yaizvozvo?) Zvino hepanoi murume wacho ari kurarama nhasi. Atove makore akawanda apfuura. Ivo naHama Busty vaiva shamwari.

²¹¹ Zvino ndakaenda zasi kuchipatara, chipatara chitsva (ndakanganwa kuti vanochidana kuti chii, kunze uko kuNew Albany) chipatara chitsva. Zvino ndakaenda kunze ikoko kunoona Busty; zvino pandakapinda mukamuri, ndakati, “Hama Busty.”

Vakati, “Hama Bill.” Vakabata ruoko rwangu nekwaziso iya huru yakare; mhare yemuHondo Yekutanga yePasi rose, kwete kuzviture muhupo hwavo, asi nemoyo wakanaka kwazvo sewakamborova uri mushati yebhuruu yakare. Vakabata ruoko

rwangu. Ndakambova mumba mavo; ndikadya mumba mavo; ndikarara mumba mavo, sekunge ndaiva munin'ina wavo. Vana vavo nevose, tinongoita—tinongoita kunge hama dzeropa. Murume akanaka.

²¹² Zvino ivo...Asi havana kufamba naShe zvakadzika. Ivo...Ndakavabhabhatidza muZita raJesu Kristu. Asi zuva iroro apo muparidzi weMethodisti akati, “Chero munhu akabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, buda kubva mutende mangu.” Zvaiva zvakanaka. George Wright nevamwe vakabuda. Masikati iwawo ndakaenda zasi kunobhabhatidza muZita raJesu Kristu paTotten Ford. Ungano yake yose yakapinda mumvura ikabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Saka ndakangoenderera mberi. Zvakanga zvakanaka. Mwari kana vari kurutivi rwako, ndiani angapesane newe? Handitombozivi kuti murume iyeye akaenda kupi, kuti chii chakaitika kwaari.

²¹³ Zvisinei, ndakafamba ndichipinda muchipatara. Heunoi Busty akarara apo akazara nekenza, vana chiremba havana kana, havana chavakaita asi vakangomusoneredza pakarezve. Busty akati kwandiri; akati, “Hama Bill, izvi zvine chinangwa. Chimwe chinhu chaitika.”

Ndakati, “Hongu, Busty.” Ndakatanga kunzwa Mweya uya semhepo iya inovhuvhuta yandanga ndichitaura nezvayo, munoziva, uchipinda.

Akati...Pandakafamba ndichipinda imomo, paiva nemuraraungu mukona iyoyo, wakamira mukona iyoyo. Muraraungu isungano; sungano yaMwari. Mwari vakaita sungano neni pagomo zuva iroro. Ndakaisa maoko angu pamusoro paHama Busty ndikavanamatira.

Vana chiremba ndokuti, “Vachaenda vachipera. Vachadzikira. Hapana chimwe chekuita...Vachange vafa mumazuva mashoma chete.” Zvino Busty Rodgers...Ava mavhiki nemavhiki nemavhiki apfuura, zvino Busty Rodgers, akagara kumashure chaiko uko muchechi husiku huno, aine hutano uye akasimba sezvandakambomuona achitaridzika muhupenyu hwangu. Simukai, Hama Busty. Hevano i avo. Ngatipei Mwari rumbidzo, munhu wose.

Vakanga vakaungana mukamuri yepamusoro,
Vose vachinamata muZita raKe.
Vakabhabhatidzwa neMweya Mutsvene,
Zvino simba rekushumira rakauya.
Zvino, zvaAkavaitira zuva iroro,
Achakuitirawo zvimwe chete.
Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
kuti, “Ndiri mumwe wavo.”

Ndiri mumwe wavo, mumwe wavo;
 Ndinofara kwazvo kuti ndinogona kutaura
 kuti, “Ndiri mumwe wavo.” (Hareruya!)
 Mumwe wavo, ndiri mumwe wavo;
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
 kuti, “Ndiri mumwe wavo.”

Kunyangwe vanhu ava havazviiti vari,
 Kana kuganza nemukurumbira wenyika,
 Vose vakagamuchira Pentekosti yavo,
 Vakabhabhatidzwa muZita raJesu.
 Uye vari kutaura zvino kwose kure nekwese-
 kwese,
 simba raKe richiri zvimwe chete.
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
 kuti, “Ndiri mumwe wavo.”

Ndiri mumwe wavo, ndiri mumwe wavo;
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
 kuti, “Ndiri mumwe wavo.” (Hareruya!)
 Mumwe wavo, ndiri mumwe wavo;
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
 kuti, “Ndiri mumwe wavo.”

Zvino, huya hama yangu, tsvaga ropafadzo iri
 Rinochenesa moyo wako kubva pachivi,
 Rinoita kuti mabhero emufaro atange kurira,
 Nekuchengeta mweya wako uchibvira.
 Oo, uri kubvira zvino mukati memoyo wangu,
 Oo, kubwinya kuZita raKe.
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona
 kutaura kuti, “Ndiri mumwe wavo.”
 (Ngatirwuimbei!)

Oo, mumwe wavo, mumwe wavo;
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
 kuti, “Ndiri mumwe wavo.” (Hareruya!)
 Mumwe wavo, mumwe wavo;
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
 ndichiti, “Ndiri mumwe wavo.” (Vangani vari
 mumwe wavo? Simudzai maoko enyu. Oo, ini
 zvangu! Oo, ndinofara sei kuti ndiri mumwe
 wavo.)

Mumwe wavo, mumwe wavo;
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
 kuti, “Ndiri mumwe wavo.” (Hareruya!)
 Mumwe wavo, mumwe wavo;
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
 kuti, “Ndiri mumwe wavo.”

Vakanga vakaungana mukamuri iyoyo
 yepamusoro,
 Vose vachinamata muZita raKe.
 Vakabhabhatidzwa neMweya Mutsvene,
 Ipapo simba rekushumira rikauya.
 Zvino, zvaAkavaitira zuva iroro,
 Achakuitirawo zvimwe chete.
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
 kuti, “Ndiri mumwe wavo.”

Oo, mumwe wavo, mumwe wavo;
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
 kuti, “Ndiri mumwe wavo.” (Hareruya!)
 Mumwe wavo, mumwe wavo;
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
 kuti. “Ndiri mumwe wavo.”

Zvino, tichiimba korasi iyoyo zvakare, ndinoda kuti mumwe
 nemumwe wenyu atendeuke, akwazisane maoko nemumwe
 munhu ari pedyo nemi, uye moti, “Uri mumwe wavo here?”
 Maona? Zvakanaka.

Oo, mumwe wavo (Ndinoziva kuti muri,
 Hama Neville. Ndinoziva kuti muri, Hama
 Capps. Ndinoziva kuti muri. Ndinoziva kuti
 muri...?...)

 ...mumwe wavo.

Oo, mumwe wavo, mumwe wavo;
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
 kuti, “Ndiri mumwe wavo.”

²¹⁴ Oo, haufari here kuti uri mumwe wavo. Vangani vanoda
 kuva mumwe? Simudza ruoko rwako. Zvakanaka. Zvino, ndiri
 kuzokuimbirai urwu:

Saka huya hama yangu, tsvaga ropafadzo iri
 Rinochenesa moyo wako kubva pachivi,
 Rinoita kuti mabhero emufaro atange kurira,
 Uye richaita kuti mweya wako urambe
 uchibvira.

Oo, riri kubvira zvino pakadzika mumoyo
 mangu,

Oo, kubwinya kuZita raKe.
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
 kuti, “Ndiri mumwe wavo.”

Oo, mumwe wavo, mumwe wavo;
 ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
 kuti, “Ndiri mumwe wavo.” (Hareruya!)
 Mumwe wavo, ndiri mumwe wavo,
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura
 kuti, “Ndiri mumwe wavo.”

²¹⁵ Munorangarira zvakataurwa nemusikana mudiki kuna Petro, “Hamusi here mumwe wavo?” Ndinofara kwazvo, hausi here? Munoziva, Petro akati nezva rePentekosti, “Izvi ndizvo Zviya!” Zvino, ndakagara ndichiti, “Kana *izvi* zvisiri Zviya, ndinofara kuti ndine *izvi*, ndakamirira Zviya kuti zviuye.” Ndizvozvo. Ndinofara neizvi.

Nekuti ndiri mumwe wavo, ndiri mumwe wavo;
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura kuti, “Ndiri mumwe wavo.”
 Oo, mumwe wavo, mumwe wavo;
 Ndinofara kwazvo nekuti ndinogona kutaura kuti, “Ndiri mumwe wavo.”

²¹⁶ Oo, izvi hazvisi kufadza kwazvo here, kugara pamwe chete munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu, tichiyana neMweya, tichiyana pamusoro peShoko, tichitaura pamusoro pezvinhu zvakana zwichauya. Zvakana kwazvo. Ndinofara kwazvo kuzviza izvozvo, hamudarowo here? Haufari here kuti uri Mukristu? Haufari here nekuti zvivi zvako zviri pasi peRopa? Achange achiuya nerimwe ramazva, uye tichange tichienda naYe. Zvino funga, kuchembera kwose kuchadonha kubva matiri; hurwere hwose, kutambudzika kwose, hupenyu hwose hunofa huchashanduka. Oo, ini zvangu! Ndinongogona kufunga nezvehama dzinodikanwa dzakare dzakambomira pano. Ndinorangarira . . . Vangani vanorangarira Rabbi Lawson? Ini zvangu, vazhinji venyu. Ndiri kuvaona vachiturika mudonzvo wakare ipo pano. Zvino ndainge ndakagara kumashure uko. Vaiimba rwiyo urwu rwudiki . . . (Mira zvisomanani Teddy, hama.) Ndichaedza, ndione kana ndikagona kubata chuni yacho. Handizivi.

Ndakamirirwa namangwana ane mufaro,
 Uko masuwo eparera anozaruka zvizere,
 Uye kana ndayambuka mupata uyu wekuswa,
 Ndichazorora kune rimwe divi.

Rimwe zuva kure uko kusingasvikwe nehupenyu hunofa,
 Rimwe zuva, Mwari voga vanoziva kuti ndekupi uye riinhi,
 Mavhiri ehupenyu hunofa ose achamira,
 Zvino ndichaenda kunogara pachikomo cheZioni. (Hongu.)

²¹⁷ Mavhiri madiki aya ari kutenderera matiri—kuona, kuravira, manzwiwo ekubata, kunhuwidza, nekunzwa, pfungwa diki idzi nemavhiri ari kutenderera muhupenyu huno hunofa, rimwe zuva achamira. Zvino ini, pachangu, nemi, tichaenda kunogara pachikomo cheZioni. Oo, ndinozvida izvozvo,

haudaro here? Kuziva kuti tine gutsikano yakaropafadzwa. Zvakanaka. Vangani vanoziva rwiyo rwedu rwakare rwekubhabhatidza? Zvino, ticharwuchinja. Ngatitorei rwiyo rwedu rwekuperadzana:

Tora Zita raJesu pamwe newe,
Mwana wekusuwana nenhamo;
Richakupa mufaro nekunyaradzwa,
Ritore kwese kwaunoenda.

²¹⁸ Tora Zita raJesu pamwe newe. Chingozviita izvozvo, uchienda. Zvakanaka, tose pamwe chete zvino. Musakanganwe, naeight o'clock mangwanani makadhi ekunamatirwa achapihwa kuitira musangano. Musangano uchatanga nanine-thirty. Ndichange ndichiparidza naten. Shumiro yekunamatira vanorwara ichatanga kuma eleven o'clock.

²¹⁹ Mangwana masikati, mangwana manheru kuchava nemharidzo yekuvhangerana kutabhanakeri. Zvino mangwana husiku, imi mose makatendeuka zvivi zvenyu zvose asi musina kubvira makabhabhatidzwa, pachave...chidziva chichange chakazaruka; tichange tichibhabhatidza vanhu muZita raIshe Jesu Kristu.


²²⁰ Munhu wese pamwe chete zvino, apo tichiimba neizvi redu repamusoro-soro. Hama Busty, hamuzivi kufara kwandiri kuita uye nekutenda Mwari. Munoziva, vakaenda kwachiremba. Zvino vanondiudza kuti chiremba akavatarisa, uye akangoshaya chekufunga. Haana kutenda kuti akanga ari muchinda mumwe chete iyeye. Oo, hachisi chakavanzika icho Mwari vanogona kuita. Hazvina kunaka here? Zvakanaka.

Tora Zita (Ridanidzirei!) raJesu pamwe newe,
Mwana wekusuwana nenhamo;
Richakupa mufaro nekunyaradzwa,
Zvino, ritore kwese kwaunoenda.

Zita rakakosha (Zita rakakosha!), Oo
rinotapira sei!

Tariro yenyika nemufaro weDenga;
Zita rakakosha (Oo, Zita rakakosha!), Oo
rinotapira sei!

Tariro yenyika nemufaro weDenga.

²²¹ Zvakanaka. Ndinodzorerana shumiro zvino kumufudzi. Vachange vaine mamwe mashoko, kana vachataura kuti mumwe munhu atiparadzana, chero chiri mupfungwa dzavo. 

MIBVUNZO NEMHINDURO PAMUSORO PEMWEYA MUTSVENE SHO59-1219
(Questions and Answers on the Holy Ghost)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEMAZVIBATIRO, HURONGWA NEDZIDZISO ZVEKEREKE

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu neMugovera manheru, Zvita 19, 1959, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org